ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№178 (23.586) ● 2017 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 16, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр Урысейм и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий къыщалъхуа махуэмкІэ ехъуэхъуащ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Урысейм и Правительствэм и Унафэщі Медведев Д. Д. къыщалъхуа махуэмкІэ ехъуэхъуащ:

«Пщіэ зыхуэтщІ Дмитрий Анатолий и къуэ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым пщІэшхуэ щыхуащ ди республикэм экономикэ и лъэныкъуэкІэ и Іуэху зэпэщу щытыным Уэ уи щхьэкІэ уи нэІэ зэрытетым икІи абыкІэ щІэгъэкъуэн укъызэрыхуэхъум. КъБР-мрэ Урысеймрэ я лъэпкъхэр зэрызэкъуэувэрэ илъэс 460-рэ щрикъум ирихьэлІэу къытхуебгъэхьа хъуэхъур икъукІэ ди гуапэ хъуащ. Къэралым и Правительствэм и унафэр пщыкІэрэ, Уэ сыт щыгъуи къыбогъуэт къэралым социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ зегъэужьыным хуэунэтІа Іуэху я нэхъ гугъуэхэри зэфІэха зэрыхьуну Іэмалхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым, Правительствэм, ди деж щыпсэу псоми я цІэкІи, си щхьэкІи ди гуапэу зыпхузогъаза узынщагъэ уиІэну, уи Іуэху сыткІи зэпэщу щытыну, Уи лэжьыгъэ гугъуэм, жэуаплныгъэшхэр зыпылъым, адэкІи ехьулІэныгъэхэр къыщыпхьыну дыногъуэхъуу», - щыжеІэ щІыналъэм и Іэтащхьэм и тхыгъэм.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ, Урысейм и ЛІыхъужь Белавенцев О. Е. къыщалъхуа махуэмкІэ ехъуэхъуащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ, Урысейм и ЛІыхъужь Белавенцев Олег къыщалъхуа махуэмкІэ ехъуэхъуащ:

«Пщіэ зыхуэтщІ Олег Евгений и къуэ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я цІэкІи си щхьэкІи си гуапэу сынохъуэхъу укъыщалъхуа махуэмкІэ.

Сыщогуфыкі сыбдэлэжьэну Іэмал зэрызиІэмкІэ. Уэ уи егупынугъэм и ФІыгъэкІ Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыужьыныгъэм и гъуэгум шэщІауэ тету макІуэ, ар щыналъэм щыщу щынагъуэнщагъэр нэхъыфІу къыщызэгъэпэща, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІакІуэным хуэгъэпса инвестицэ проект инхэр щагъэзащІэ щыпІэхэм хабжэ.

Уузыншэну, зэІуэпэщыныгъэ уиІэну, ди Хэкум ифІ зыхэлъ Іуэхушхуэхэр дяпэкІи къохъулІэну», - щыжеІэ хъуэхъум.

УРЫСОКЪУЭ Тенджыз.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Адыл-Су аузым 2017 гъэм фокІадэм и 1-м къыщежьа ятІэпсым къиша къыззрымыкІуэ щытыкІэм и лъэужьыр гъэзэкІуэжьным хуэунэтІа къэлэныхъуэныгъэ-къеГэлакІуэ Іуэхухэмрэ икІэщІыпІэкІэ егъэкІуэкІын хуей зэгъэпэщжьныгъэ лэжьыгъэхэмрэ зэрызэфІэкІам, «ЦІыхухэмрэ щІыналъэхэмрэ щІыуэпсым и къэхъукъащІэхэм, техникэр къызэрагъэсэбэпым пыщІа къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм я классификацэм и Іуэхухі» 2007 гъэм накъыгъэм и 21-м къыдигъэкІа Унафэ №304-м ятІэ ИткІэ:

1. Къызэрымыкіуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэкІуэдыжьнымкІэ къэрал системэ зэгуэтым и Къэбэрдей-Балъкъэр системэ къуэдзэм и къарухэмрэ Іэмалхэмрэ папщІэ Іуащхьэмахуэ, Бахъсэн районхэм я щІыналъэхэм къызэрымыкІуэ щытыкІэм и хабзэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ №102-РГ-мкІэ 2017 гъэм фокІадэм и 1-м щегъэжьауэ щагъэуваУ щытар 2017 гъэм фокІадэм и 14-м сихьэти 9-м къыщыщІэдзауэ Іухьажьи.

2. КъызэрымыкІуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэкІуэдыжьнымкІэ къэрал системэ зэгуэтым и Къэбэрдей-Балъкъэр системэ къуэдзэм и къарухэмрэ Іэмалхэмрэ папщІэ щІыналъэ щытыкІэм и хабзэр Іухьажьи.

3. КъызэрымыкІуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэкІуэдыжьнымкІэ къэрал системэ зэгуэтым и Къэбэрдей-Балъкъэр системэ къуэдзэм и къарухэмрэ Іэмалхэмрэ къызэрыгъэкІ лэжьэкІэ мардэм тегъэхьэжьын.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2017 гъэм фокІадэм и 1-м къыдигъэкІа Унафэ №102-РГ-м къару имыІэжу къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий.

Налшык къалэ,
2017 гъэм фокІадэм и 14-м
№108-РГ

Налшык къалэм Урысейм дзюдомкІэ и чемпионат къыщыззІуахыным и пэ къихуэу КІуэкІуэ Юрий ІущІащ дзюдомкІэ лъэпкъ командэ къыхэхахэм я менеджер нэхъыщхьэ Гамбэ Энцио

КІуэкІуэ Юрий Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыІуащІащ Урысейм дзюдомкІэ и лъэпкъ командэ къыхэхахэм я менеджер нэхъыщхьэ Гамбэ Энцио.

КъБР-м и Іэтащхьэм зи цІэр жыжьэ Іуа спортсмен, гъэсакІуэ цІэрыІуэм фІыщІэ хуищІащ республикэм сыт щыгъуи гуапэу къызэрыхущытым, гупльитэ хэха къызэрыхуищым, чемпионатыр щрагъэкІуэкІыну Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэр къызэрыхахам папщІэ. Дзюдор, къыхигъэщащ КІуэкІуэм, щыналъэм нэхъ зыщщІэзыужь спорт лІэужьыгъуэхэм ящыщщ.

Гамбэ Энцио къыхигъэщащ щІалэгъуалэр бэнэкІэ спорт лІэужьыгъуэхэм нэхъ зэрыдихьэхыр, ар Кавказым и лъэпкъхэм я хьэл-щэным епхауи къызэрилъытэр.

Ар ди республикэм зэрыщІэну зэманым къриубыдэу гъэсакІуэхэм папщІэ семинархэр иригъэкІуэкІынущ.

УРЫСЫКЪУЭ Ринэ.

КІуэкІуэ Юрий Іущ1ащ Олимп чемпион, Урысейм дзюдо спорт лІэужьыгъуэмкІэ щІыхь зиІэ и мастер Мудрэн Беслъэн

КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ Іущ1ащ Олимп чемпион, Урысейм дзюдо спорт лІэужьыгъуэмкІэ щІыхь зиІэ и мастер Мудрэн Беслъэн.

ЩІЫНАЛЪЭМ и Іэтащхьэм спортсмен цІэрыІуэм фІыщІэ хуищІащ Урысейм дзюдомкІэ и чемпионатым, Налшык къалэм фокІадэм и 16-м къыщыззІуахым, зыхуэгъэзэрыным пыщІа Іуэхухэм зэрыхэтам папщІэ.

Щыэзэпсалъэм къыхагъэщащ узынщэу псэуным щІыхухэр къыхуедэжьн, щІыху хуэщІ зыхэт спорт лІэужьыгъуэхэмрэ ехъулІэныгъэшхуэхэр къэхьыным тегъэпсыхьа спортымрэ адэкІи зегъэужьын зэрыхуейр.

ТЕНДЖЫЗ Іаня.

КІуэкІуэ Ю. А. иригъэкІуэкІащ газыр къэзыгъэсэбэпхэм хуаутІыпщам пэкІуэ уасэр и чэзум ятыным теухуа зэІущІэ

«Газпром» ПАО-м и Унафэщіхэм я советым и Іэтащхьэ Зубков В. А. республикэм зэрыщыІам кърикІуахэм япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. зэІущІэ зыбгъуа иригъэкІуэкІащ. Абы щытепсэлъыхьащ газыр зыхуаутІыпщахэм абы и уасэр щІамытым теухуа Іуэхуэм.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Премьер-министр **Мусуков А. ТІ.**, Іуэхур зэхьэлІа министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, «Газпром межрегионгаз Нальчик» ООО-мрэ «Газпром газораспределение Нальчик» АО-мрэ я унафэщІхэр, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я Іэтащхьэхэр.

Къызэхуэсахэм защыхуигъаззэм, республикэм и Іэтащхьэм жиІащ газ уасэр тыным и лъэныкъуэкІэ щыІэ хъуа щытыкІэр гум тебГъахуэ зэрымыхъунур. Хуабэ энергетикэ комплексым и Іэхуэщ1ап1эхэм абы и лъэныкъуэкІэ я Іуэху мыеймэ, унагъуэхэм газ уасэр зэрат щІыкІэм икъукІэ уегъэгузавэ.

Абы и лъэныкъуэкІэ къыкІэрыухэм ящыщщ Бахъсэн щхьэр, Бахъсэн, Лэскэн, Аруан щІыналъэхэр. Мыдрейуэ, газымкІэ щІыхуэ зытрамыгъахуэу абы и пщІэр ят Май районым (проценти 104-кІэ), Іуащхьэмахуэ (88-кІэ), Прохладнэ къалэ округымрэ Прохладнэ районымрэ (79,4-кІэ), Налшык къалэм (70,5-кІэ) щыпсэухэм.

Газ уасэр тынымкІэ Іуэхур щІыдэмыкІым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр «Газпром межрегионгаз Нальчик» ООО-м и щІыналъэ къудамэхэмрэ щІыпІэ административнэ я Іатащхьэхэмрэ тэмэму зэрызэдэмыла-жьэрщ. ГазымкІэ щІыхуэ зытелъхэм къулыкъущІэхэри, газ Іэхуэщ1ап1эхэм я лэжьакІуэхэри, бизнесым хэтхэри, хъэрычэтыщІэхэри мымащІэу щахэт къохъу.

«ПщІэ зыщІамыта газыр къадыгъуа пэлъытащ. Дэ зыщщхьэуІум газ уасэр процент 254-кІэ щытхуэткІэ, упщІэ сиІэщ, сыт дэ ар, зэрыжаІэщи, «нэхъ щигуащІэгъуэ» щІыІэ лъэхъэнэм, газ нэхъыбэ дыдэ къыщыдгъэсэбэпым, щытхуэмытыр. Сыт ди къэпщытакІуэхэмрэ ди цІыхухэмрэ абдеж къащыщІыр? Къэхъур къызэрыгуэкІщ: газ къагъэсэбэпым хохъуэ, къадыгъум хохъуэ икІи псы утхъуам тІэкІу ущесми хъунущ.

Сэ хабзэхъумэ Іэнатіэхэм захуэзгъэззну сыхуейт абы и лъэныкъуэкІэ я лэжьыгъэ щІагъэхуэбжьэну. Мыбдеж къыщыгъэсэбэпын хуейщ хабзэм къыдит Іэмал псори, Іуэхум Іулъхьэ щыззІэпэх къыхэхуэми, абыи хэплъэн хуейщ. Мыпхуэдэу къэхъункІэ хъунукъым: зы уэрамым тесхэм газ уасэр проценти 104-кІэ ятрэ, адрейм къыщыхэкІыр процент 30 фІэкІа мыхъуу. Ди лэжьэгъуэ, дапщэрэ дытепсэлъыхьыну абы? Дэ псоми ди къалэныр зэхуэдэщ. КъэпщытакІуэхэр хьэлэлу щылажьэ щІыпІэхэм псори щыззэтесщ, нокъусаныгъэхэм я нэхэр щыхуэуфІыщІэхэм, уеблэмэ, щхьэтечу жыдвгъэІи, газыр къззыдыгъуэхэм аxэр щалІупэфІэгъуэм деж, щытыкІэ тэмэмым ущымыгугъ.

ЦІыхухэр мэтхьэусыхэ, газ уасэр пэжу къыхуамыбжу жаІэри. Сэ абыкІэ сыарэзыщ. Щыіэщ апхуэдэ щапхъэхэр. АтІэ сыт ящІэр апхуэдэ къэмыхъун щхьэкІэ? Зыри! Сыт щхьэкІэ щыпІэмэ, Іуэхур апхуэдэу зэрыщытым кІэлъыплъакІуэ Іэнатіэ гуэрхэм я фейдэ хэлъщи.

Къэпщытакіуэхэм зыгуэрхэм ахъшэ лейуэ ирагъэтмэ, ар хэту щымытми, дэ а Іуэхур зэхэдгъэкІыну ди къалэнщ. Абы папщІэ комиссэ щхьэхуэ щыІэн хуейщ, абы укІуэрэ уэзрымыварэзыхэр щыжьыпІэ хъуурэ, нокъусаныгъэхэр ябгъэлъагъуу. Ди деж сыт къыщыхъур? Машинэ зыбжанэ, унэ зыбжанэ зиІэхэрщ, Тхьэм узынщагъэ къарит, апхуэдэхэр икъукІэ си гуапэщ, ауэ Іуэхум и щытыкІэм къызэригъэлъагъуэщи, къагъэсэбэпам и уасэр и нэхъыбапІэкІэ зымытхэр. Зи сом кІапэ ерагъуу зэтезыгъэхуэфэкщ щІыхуэ нэхъ зытемылъыр. Ди къэпщытакІуэхэр нэхъ жьыджэр щыхъур, я къаланэхэр ягъэззэщІэну щилъэдэкъэщыкІыр Іуэхур пенсионерхэмрэ нэхъ зэмыщІауэ псэухэмрэ я деж нэса нэужьщ. ЩІы гектархэр, завод щІыкІу зыбжанэ, ухуэныгъэ зэмыпІэужьыгъуэкІэ зиІэхэр, абыхэм, ди жагъуэ зэрыхъущи, иныагъуркъым. Участковэм иныагъуркъым, муниципалитетым и Іэтащхьэм иныагъуркъым, газ уасэр къыхэзыххэм яныагъуркъым. АтІэ хэт щІыху къызэрыгуэкІхэм я сэбэп зыхэлъхэм къащхьэщыжьынур? Уегупсысын хуейкъэ апхуэдэу къыщІэхъуэ! Налогхэр къыхэзыхэрщ, МВД-рщ, прокуратурэрщ, щІыпІэхэм я Іэтащхьэхэрщ псом япэу абы гу лъызытэн хуейр. Сэ сыхуэмейуэ аракъым бизнесым, ар щІыпІэм щылажьэми унагъуэм ейми, зиужьыну, ауэ къэбгъэсэбэпым и уасэр тын хуейщ, хабзэм ебакъуэм дарэгу ухуэмыхьуу. ЦІыхухэм едыгъуэмэ, я счётчикхэм ухкІэщІатхэмэ, е щэхуу здэщІа хабзэншагъэм щхьэкІэ и зэран ирагъэкІыжмэ, абыхэм яхуэфащэ унафэ ятетщІыхьыпхъащ.

ЩІыІэщ щапхъэ пыуухьІа-хэр, нокъусаныгъэ щІагъэкІуэ-хэр, нокъусаныгъэхэм я нэхэр щыхуэуфІыщІэхэм, уеблэмэ, щхьэтечу жыдвгъэІи, газыр къззыдыгъуэхэм аxэр щалІупэфІэгъуэм деж, щытыкІэ тэмэмым ущымыгугъ.

ЦІыхухэр мэтхьэусыхэ, газ уасэр пэжу къыхуамыбжу жаІэри. Сэ абыкІэ сыарэзыщ. Щыіэщ апхуэдэ щапхъэхэр. АтІэ сыт ящІэр апхуэдэ къэмыхъун щхьэкІэ? Зыри! Сыт щхьэкІэ щыпІэмэ, Іуэхур апхуэдэу зэрыщытым кІэлъыплъакІуэ Іэнатіэ гуэрхэм я фейдэ хэлъщи.

Къэпщытакіуэхэм зыгуэрхэм ахъшэ лейуэ ирагъэтмэ, ар хэту щымытми, дэ а Іуэхур зэхэдгъэкІыну ди къалэнщ. Абы папщІэ комиссэ щхьэхуэ щыІэн хуейщ, абы укІуэрэ уэзрымыварэзыхэр щыжьыпІэ хъуурэ, нокъусаныгъэхэр ябгъэлъагъуу. Ди деж сыт къыщыхъур? Машинэ зыбжанэ, унэ зыбжанэ зиІэхэрщ, Тхьэм узынщагъэ къарит, апхуэдэхэр икъукІэ си гуапэщ, ауэ Іуэхум и щытыкІэм къызэригъэлъагъуэщи, къагъэсэбэпам и уасэр и нэхъыбапІэкІэ зымытхэр. Зи сом кІапэ ерагъуу гъыу зэтезыгъэхуэфэкщ щІыхуэ нэхъ зытемылъыр. Ди къэпщытакІуэхэр нэхъ жьыджэр щыхъур, я къаланэхэр ягъэззэщІэну щилъэдэкъэщыкІыр Іуэхур пенсионерхэмрэ нэхъ зэмыщІауэ псэухэмрэ я деж нэса нэужьщ. ЩІы гектархэр, завод щІыкІу зыбжанэ, ухуэныгъэ зэмыпІэужьыгъуэкІэ зиІэхэр, абыхэм, ди жагъуэ зэрыхъущи, иныагъуркъым. Участковэм иныагъуркъым, муниципалитетым и Іэтащхьэм иныагъуркъым, газ уасэр къыхэзыххэм яныагъуркъым. АтІэ хэт щІыху къызэрыгуэкІхэм я сэбэп зыхэлъхэм къащхьэщыжьынур? Уегупсысын хуейкъэ апхуэдэу къыщІэхъуэ! Налогхэр къыхэзыхэрщ, МВД-рщ, прокуратурэрщ, щІыпІэхэм я Іэтащхьэхэрщ псом япэу абы гу лъызытэн хуейр. Сэ сыхуэмейуэ аракъым бизнесым, ар щІыпІэм щылажьэми унагъуэм ейми, зиужьыну, ауэ къэбгъэсэбэпым и уасэр тын хуейщ, хабзэм ебакъуэм дарэгу ухуэмыхьуу. ЦІыхухэм едыгъуэмэ, я счётчикхэм ухкІэщІатхэмэ, е щэхуу здэщІа хабзэншагъэм щхьэкІэ и зэран ирагъэкІыжмэ, абыхэм яхуэфащэ унафэ ятетщІыхьыпхъащ.

ЩІыІэщ щапхъэ пыуухьІа-хэр, нокъусаныгъэ щІагъэкІуэ-хэр, нокъусаныгъэхэм я нэхэр щыхуэуфІыщІэхэм, уеблэмэ, уе

● ФIыщIэ

Зэныбжьэгъугъэм и къарур иджыри кIуэцIакъым

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щыпсэуэхэми сэри къыдбгъэдэкIыу фIыщIэ яхудощI Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм - гуэзвэгъуэ дыщыхэхуам езыхэм яфIэфIу зыкъыгщIэзыгъэкъуа псоми.

IуащхьэмахуэрэIуащIэ Адыгэ-Су аузым 2017 гъэм фокIадэм и 1-м къыщежьа ятIэпсым зэхэхъуэныгъэшхуэхэр къыщихьащ ар здрикIуа щIыпIэхэм, Iуащхьэмахуэ районым щыщ къуэжиплI республикэм и адрей щIыналъэм пигъэщхьэхукIауи щытащ. ИкъуекIэ дзэпыкIуэгушхуэ хъуащ ерыскъыпхъэ къыщIэзыгъэкI Iэнатlэм щылажьэ хьэрычэтыщIэхэр - абыхэм шхьи зэмылIуэжьыгъуэ куэд, дыдэ ирагъэшащ щытыкIэ гугъэм кьихута жылэхэм. А Iуэхум хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ерыскъыхэкIэр къыщыщIэзыгъэкI заводхэри, комбинатхэри, Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэри. Федеральнэ Гъэзэгур щызэрагъэпэщыжа махуиплIым, зы махуи къэмынэу, ерыскъыпхъэхэр Iуащхьэмахуэ лъапэ яшащ МЧС-м и вертолётхэмкIэ. ЩIыпIэм щыпсэуэхм ахэр ерыскъыхэр щагуэш щыпIэхэм яшэрт, зыхуэзэфIэмыкIхэм Iэрагъэхьэрт. ЩытыкIэ къызэрымыкIуэ здэщыIэ щIыпIэм псори зэхэту гуманитарнэ дэIепыкъуныгъэу тонн 50-м щIигъу хуашащ. Эльбрус къуажэм щыпсэуэхэми фIыщIэ яхузощI, щытыкIэр кьагурыIуэу, шыIэныгъэ яхэлъу, зыр адрейм дэIепыкъуныгъэ зэрыщытам пагащIэ.

ЩIхьэхуэу фIыщIэ яхузощIыну сыхуейщ Iуащхьэмахуэ, Бахъсэн, Шэрэдж щIыналъэхэм, Бахъсэн къалэ округым щыщ волонтёрхэм, псыдзэр къыщIехам абы хэхуахэу Джаппуев Мусса, Теммоев Заурбэч, Узденов Магомед сымэ къыщыгтIыхъуэм къыддэIепыкъуахэм. МЧС-м и лэжьакIуэхэмрэ авиацэмрэ ящIыгъуу абыхэр махуипщIкIэ Бахъсэн псыхъэр щIапщытыкIащ, кIуэдахэр кьалъхьуэу икIи псыдзэм ирихьэхахэм я хьэдзэкр къагъэтужащ. ХэкIуэдахэм я фэеплъыр дэ сыт щыгъуи дигу илъынщ.

Республикэм щыпсэу ныбжьэгъу IапIэхэ, фэ гугъу фыкьызэрыддекьамрэ фи гу пIанагъэмрэ уасэнщэщ! А махуэхэм влэжьа Iуэхуфlэжкlэ фэ иджыри зэ къэвгъэлъэгъуащ лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и кIарур зэрымыкIуэщIар, гуэзвэгъуэ хэхуам гущIэгъу хуэщIынкъ, зэрылъытэнмрэ фIыуэ зэрылъагъунымрэ епха гурыщIэхэр нэхъ кIащхъэ зэрымыкIуар. Нобэ абыхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ. ФIыщIэ фхудощI фыкьызэрыддэIепыкIуам, зыкъызэрыщIэвгъэкъуам пагащIэ!

Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iтащхьэ
ЗАЛИХАНОВ Къанщобий.

● ФокIадэм и 17-р Мэзым и лэжьакIуэхэм я махуэщ

Дыкъэзыухъуреихь дунейм къытхуищI тыгъэ уасэншэ

Хабзэ зэрыхъуауэ, Мэзым и лэжьакIуэхэм я махуэр фокIадэм и ещанэ тхьэмахуэ махуэм ягъэлъапIэ. Ар ди къэралым и мэзхэм я къуолеягъым хэгъэхъуэным, хьумэным зи гъащIэр езыпхахэм я махуэщ.

РЕСПУБЛИКЭМ и мэз хозяйствэм и ветеран, и мэзхьумэ лъапIэхэ! Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩIыуэпс хьуГуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэр Мэзым и лэжьакIуэхэм я махуэмкIэ къывохъуэхъу! Мэзхьумэ Iэщ1агъэр, ипэмкIэкIэ, щIы хьурейм щынэхъ мамыр дыдэхэм ящыщщ. Дыкъэзыухъуреихь дунейм и тыгъэ уасэншэр - мэзыр - ди гуащIэ хьэлэлкIэ дохьумэ икIи зэфIыдогъуэвэж. Урысейм и мэзхэр зэрыфхьумэн, абыхэм я къуэфIыгъуэхэр зэрыкъгъэбзэгъуэн узынщагъэ быдэ, зэIуэзэпэщныгъэ, унагъуэ насыпыр фиIэну ди гуапэщ.

Мэзыр къэрал куэдым я дежкIэ экологие, экономикэ и пIэнныкъуэкIэ гъэтIылъыгъэ уасэнщэщ. Абы къыхэкIыу, ар хьумэным, зехьэным, зэфIэгъэувэжыным, зэгъэзэхуэуэ къэгъэсэбэпныим мыхьэнэщхуэ иIэщ. А къалэныр мэз хозяйствэмрэ пхъэм елэжь промышленностымрэ я пщэ дохуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз IажьакIуэхэр екъулIэныгъэ хъарзынэхэр яIэу я махуэм ирохьэлIэ. Мэзхэр хьумэным, зехьэным, зэфIэгъэувэжыным пыщIа лэжьыгъэ псори къэралым къызэригъуэвам тету зэфIахъащ. Къащтэмэ, гектар 80-м зэфIэгъувэжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ, мэз къэкIыгъэхэм гектар 32-р якIагъэхъуащ, ахэр щызэрахьэхэм ящыщу 892-м агротехникэ лэжьыгъэхэр щызэфIагъэкIащ. КъищынэмыщIауэ, гектар 345,6-м я щытыкIэм кIэлъыплъащ, гектари 146,4-р ягъэхъэбзащ, пхъэуэ кубометр мини 2-р ягъэхъэзыращ, гектар мини 2-м мэзыльэхэм зэрызыщаужьыр къапщытащ.

МафIэс къэхъу хьужькъуэмэ, псынщIэу зэрынэсыну гъэузгуэр яухуащ, лъэс лъагъуэхэр пхашащ, Iэмэпсымэхэр зыхуэИ хуагъэзащ.

Мэзым пыщIа зэхущытыкIэхэр Мэз хозяйствэмкIэ федеральнэ агентствэмрэ республикэм и унафэщIхэмрэ ди щIэгъэкъуэну зэкIэпльдогъэкIуэ. Псалъэм папщIэ, иужьрей илъэсхэм къызэрагъэпэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз питомник» «Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз хозяйствэ», «Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз хозяйствэмрэ и мэз хьумакIуэхэмрэ» ГБУ-хэр.

Мэз питомникыр къызэрызэрагъэпэщыжьыр лъандэрэ жылагъэхэр гъэхьэзырын щIадзэжащ. Иджы мэз фронтым хьмкIэ щIыпIэхэм фIагъ хэлъу мэзыльэхэм зыщрагъэужьыжьыфынущ, республикэм и кьалэхэмрэ жылагъуэхэмрэ зыхуей щхъуантIагъэхэр щагъэтIысыфынущ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыхьыхьэрэ илъэс 460-рэ щрикъум ирихьэлIэу республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ иригъэкIуэкIа выставкэм питомникыр хэтащ икIи и продуктэр щыгъэльэгъуащ. Ахэр зыхуэдэм, абы хэм я ефIэкIныгъэм зэхуэсахэр хигъэгъуэзащ «Лэскэн мэз хозяйствэ» ГКУ-м и унафэщIу щыта, щIыхь зиIэ мэзхьумэ, Iуэхум кууэ хэзыщIыкI Хьэсанэ Руслан.

КьБР-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм мэзырыкI жыгхэр учёт зэращI, а Iуэхур щызэхуагъакIуэ Зыуэ щыт ветеринарнэ системэ щIэныгъэ щIэзыпхъэ. Пхъэр зэрыхах, зэрыхащ, абы зэреложь щыкIэр а Iэмалым зэIуха икIи нэхъ тынш ещI.

КъБР-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэ.

Адыгэхэм я дунейпсо махуэм зыхуагъэхьэзыр

Хабзэ зэрыхъуам тету, Къэбэрдей-Балъкъэрым Iэтауэ щагъэлъэпIэ Iэнатlэхэм я дунейпсо махуэр. ФокIадэм и 18 - 20 махуэхэм ресубликэм и къалащхьэ Налшыки муниципальнэ районхэми а Iуэхум епха гуфIэгъуэ зэIущIэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр, махуэшхуэ джэгуэхэр щызэхэтынущ.

АПХУЭДЭ зэхьэхьэхэм я пэублэу икIи курыхыу щытынущ Налшык дэт Музыкэмкlэ къэрал театрым **фокIадэм и 19-м щекIуэкIыну концертышхуэр**. КъБР-м ЩIэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ зэгъуэзу ягъэхьэзыра пшыхьым хэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм щыщIэрыIуэ уэрэджьIакIуэхэмрэ къэфакIуэ гупхэмрэ.

Абы ипэ кьихуэу, **фокIадэм и 18-м Налшык щызэхашэ «Урысей къэралыгъуэр зэфIэувэным адыгэхэм яIа увыпIэр»** зыфIаща щIэныгъэ конференцыр. А махуэ дыдэм япэу утыку кьрахьэнущ Урыс-ягоп зауэмрэ Ягоп дунейпсо зауэмрэ хэта генерал хахуэ Хьэгъундокуэ Едыдж и гукъэкIыжхэр щызэхуэхьэсыжауэ Портнягин А. В. кьыдигъэкIа тхылъыр. Мы зэIущIэхэр къызэрагъэпэщ Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я жэрдэмкIэ.

ЩIхьэхуэу къыгуэвыIапхъэщ библиотекэхэмрэ музейхэмрэ щекIуэкIыну Iуэхугъуэхэм. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, **Мэлбахьуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм фокIадэм и 19-м** щызэхэтыну зэIущIэ хьэлэмэтыр. **«Пхъэр мэусэ» зыфIащ а пшыхьым** кърагъэблагъэнущ пхъэм елэжь Iэпщ1эпIапщIэу ди щIыналъэм щыпсэуэхэр. А библиотекэм апхуэдэу игъэхъэзыращ «Абыхэм я цIэхэр Урысейм и тхыдэм къыхэнащ» зыфIаща сурэтхэрэ тхыльхэмкIэ зэхэгъэувэ гъэлъэгъуэныгъэр. **Майскэ къалэм** тхыдэмрэ щыналъэр джьынмкIэ дэт музейм фокIадэм и 20-м щагъэлъэгъуэнущ **«Нартхэр- эпосым къытрашIыкIа интерактивнэ литературэ теплъэгъуэ**. Адыгэхэмрэ абы къакIуа тхыдэ гъуэгуанэ кIыхьыимрэ теухуауэ щытынущ ПащIэ Бэчмырзэ, Мечиев Казим сымэ я цIэхэр зэрахьэу Налшык къалэ дэт сабий библиотекэхэм ягъэхьэзыра лэжьыгъэр. Мы Iуэхугъуэ псори КъБР-м ЩIэнхабзэмкIэ и министерствэм и нэIэм щIэту къызэрагъэпэщ.

Республикэм и курыт еджапIэхэм, сабий гъэсапIэхэм, щIэныгъэ, Iэщ1агъэ щызэрагъэгъуэт еджапIэхэм Адыгэхэм я дунейпсо махуэшхуэр гулъытэншэ ящIынкъым. Абыхэм щекIуэкIынущ лъэпкъ тхыдэм щыщ Iыхьэжэр щадж, щызэпкърах, щыгтепсэлъыхь дерсхэр, макъамэ зыщIэнь театр теплъэгъуэхэр, еджакIуэхэм къызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэхэр, блын газетхэр къыдагъэкIынущ, сочиненэхэмкIэ зэпеуэхэмрэ класс щIыб лэжьыгъэхэмрэ ирагъэкIуэкIынущ, усэхэм къеджэнущ.

Махуэшхуэр гъэлъэпIэным стоп зэхьэзэхуэхэри иращIэкIынущ. **Налшык къалэ дэт илподромым Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщауэ фокIадэм и 20-м шыгъажэшхуэ щекIуэкIынущ адыгэ, инджылыз-адыгэшхуэ хэту. Апхуэдэу а махуэм ирихьэлIэ зэхэтынущ** (КъБР-м спортымкIэ и министерствэм и нэIэм щIэтщ) **самбэмкIэ, боксымкIэ, дзюдомкIэ спортсмен ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэхэр**.

Адыгэхэм я дунейпсо махуэр гъэлъэпIэным теухуауэ Iуэхугъуэ нэхъыбэ зи пщэ кьыдэхуэхэм яцIыщ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэр. Республикэм къыщыдэкI газетхэм, журналхэм, щIыпIэ телевиденэмрэ радиомрэ я журналистхэм ягъэхьэзыра тхыгъэхэмрэ нэтынхэмрэ къыдагъэкIын щадзащ фокIадэ мазэр къызэрихьэ гъьандэрэ. КъыхэгъэщIапхъэщ мазхуэшхуэр гъэлъэпIэным иращIэкI Iуэхугъуэ псори кьаэнэ щымыIэу щытхубэм я дежкIэ нэхьэсыныр журналистхэм я зэфIэкIым куэдкIэ зэрелъытар.

Джэрпэджэжь игъуэтыну хунэсащ мы махуэхэм «лъэтеувэ» зыхуащIа документальнэ фильмыр. «Налшык» ОРТК-м щытраха (режиссёрыр Вэрокъуэ Владимирщ) фильмыр теухуащ Урыс-Кавказ щIыхь Гроэный Иванрэ абы щхьэгъусэ хуэхъуа Идар Гуащэнэ (Марие) Темрыкъуэ и пхъымрэ я гъащIэм и кьекIуэкIыкIам.

Мыгувэу дунейм кьытехьэнщ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд игъэхьэзыра, «Черкесия» тхылъ кьыдэкIыгъуэм хэту традзэ «А псори зыхуэжаIар адыгэхэрщ» зыфIаща** тхылъыр. Хабзэ дахэ зэрыхъуам тету къыдэкIынущ зэкъуэш республикищым (КъБР-м, КъШР-м, Адыгеим) адыгэбзэкIэ щытрадзэ газетхэм я номер зэгуэтыр.

Адыгэхэм я дунейпсо махуэр гъэлъэпIэныр Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрыкъуармрэ иращIэкI Iуэхугъуэхэм хэту **жэпуэгъуэм и 10-м Москва къалэ къыщыдзэIуахынущ КъБР-м и Лъэпкъ музейм щахъумэ хьэпшыпхэм я гъэлъэгъуэныгъэ**. КъБР-м ЩIэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и лIыкIуэ УФ-м и Президентым и дежэ зэпымыууэ щыIэмрэ зэгъусэу къызэрагъэпэщ выставкэр щызэхэтынущ КъуэкIыпIэ гъуэзджэмкIэ хэрэ къыдэкIа музейм.

Лъэпкъыр зэкъуэгъэувэным, абы зэгъэужьыныныр егъэфIэкIуэныр хуэгъэпса, ди тхыдэр, анэдэлъхубзэр, лъэпкъ хабзэр, щэнхабзэр ящIэрэ а фIыгуэхэм пщIэ хуащIу къытщIэхъуэ щIэблэр къэгъэтэджыныным хуэунэтIа махуэшхуэм и щIыхькIэ ди республикэм и кьалащхьэми муниципальнэ районхэми щекIуэкIыну зэIущIэхэм нэхъ пыухыкIауэ я гугъу пщIымэ, къыхэгъэщIапхъэ дэнэ щIыпIи нэгугъуэкъ программэхэр екIуу къызэрагъэлъэгъуэнум зэрызэщIыхуагъэхьэзырыр.

Псалъэм папщIэ, **Налшык къалэ округыр кьапщтэмэ, «Победа» кинотеатрым и гупэ утыкум цIыхубэ зыхэт гуфIэгъуэ зэхьэхьэ щекIуэкIынущ, самодеятельнэ уэрэджьIакIуэ, къэфакIуэ гупхэмэ зыкъыщагъэльэгъуэу**. Махуэшхуэ концертхэр щатынущ Хасанья, Кенжэ къуажэхэм Щэнхабзэмкlэ дэт унэхэм.

ФокIадэм и 20-м Бахъсэн къалэ и уэрам нэхъыщхьэм кьрикIуэнущ адыгэ фащэкIэ зэщIуэупыкIа бахъсэндэсхэр. Дыгулыбгъуэй деж кьыщежьэнурэ махуэшхуэ зэхьэхьэр щекIуэкIыну къалэ утыкум нэс абыхэм якIэлъыкIуэнущ фащэ зыщIгъ шуэй гупри. Гукъинэж хъуну гугъэнщIэ кьует «Гъагъэ, ефIакIуэ, си Бахъсэн!» зыфIаща махуэшхуэ концертымрэ лъэпкъ Iэщ1агъэхэмрэ шхьныгъуэхэмрэ щагъэльагъуэу унагъуэ лIакъуэхэм я фестивальмрэ. Апхуэдэ зэхьэхьэр щрагъэкIуэкIыну я мурадщ Бахъсэн районым хьхьэ къуажэхэу Зеикъуэ, Кыщпэк, Бахъсэненкэ (Къэсейхьэблэ), Куба, Исльэмей, нэгъуэщIхэми.

Дзэлыкъуэ районым и щIыпIэ администрацэм и нэIэ щIэту махуэшхуэм и щIыхькIэ къызэрагъэпэщауэ я щIыналъэм щызэхэтынущ спорт лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ зэхьэзэхуэхэр, литературэ-макъамэ пшыхьхэр, сурэтхэмрэ тхылъхэмкIэ зэхэгъэува гъэлъэгъуэныгъэхэр, лъэпкъ тхыдэмрэ хабзэхэмрэ нэхъыфIу зыщIэхэм я зэпеуэ, щIалэгъуалэ джэгу, нэгъуэщI нэгугъуэжь Iуэхугъуэхэри.

Зи гугъу тщIахэм зыкъыкIэрагъэхунукъым Тэрч, Аруан, Шэджэм, Лэскэн районхэми. Анзорей къуажэм сабийхэр гъуэзджэм щыхуагъасэу дэт еджапIэм къыщыщIэуахынущ цIыкIуэхэм я Iэдакъэщ1экIэмкIэ зэхагъэува гъэлъэгъуэныгъэ, урок зэIуахахэм щытепсэлъыхьынущ адыгэ лъэпкъым къыхэкIа цIыку щаджащхэм, библиотекэхэм къыщыщIэрагъэпэщынущ лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэм уризыгъаплъэ экскурсхэр, усэ къеджэну, щIыналъэр яджыну зыфIэфIхэм я зэпеуэхэмрэ адыгэ пшыналъэм и пшыхьэр. **Аргудан къуажэм** щыIэ «Бедик» стадионым деж фокIадэм и 20-м щекIуэкIынущ Лескэн районым хивбыдэ къуажэхэм IуэрыIуатэмрэлъэпкъэщIэ Iэщ1агъэхэмкIэ я зэхьэзэхуэхэм я махуэм теухуа Iуэхугъуэхэр. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, **Курп Ипщэ къуажэм** адыгэ къафэмкIэ щIалэгъуалэм я зэпеуэр, лъэпкъ фащэм и тхыдэм теухуа сурэт гъэлъэгъуэныгъэр, «Лъэпкъ хабзэхэмрэ иджырей гъащIэмрэ» зыфIаща зэIущIэр, нэгъуэщIхэри. **Тэрч къалэ** Щэнхабзэмкlэ и унэм и гупэ утыкум фокIадэм и 20-м щызэхьэхэнущ «Гуфlэ, ефIакIуэ, адыгэ лъэпкъ!» зыфIаща махуэшхуэ концертыр. Апхуэдэу абдеж щагъэлъэгъуэнущ «Адыгэ унэ» зыфIащ1агъэ лъэпкъ гъуэзджэмкIэ зыщIэкIуэ творчествэмрэ къагъэзащIа хьэпшыпхэм я выставкэ. ШколакIуэ нэхъыжьхэр атлетикэ псынщIэмкIэ щызэхьэзэхуэнущ «Химик» стадионым. Дыззрыт мазэр и кIэм нэсыху егъэджакIуэхэм я мурадщ лъэпкъ хабзэхэр, анэдэлъхубзэр, щэнхабзэр хьумэным теухуа дерсхэмрэ класс щIыб лэжьыгъэхэмрэ ирагъэкIуэкIыну.

«Адэжь щIыналъэу адыгэ лъахэ» фIащауэ адыгэ уэрэдыжьхэр жьIэныкIэ зэпеуэр театр щIыкIэм иту къызэрагъэпэща махуэшхуэ пшыхьрэ щекIуэкIынущ Щэджэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм. КъыщынэмыщIауэ, районым щыIэ библиотекэ псоми къыщызэIуахынущ Адыгэхэм я махуэм теухуа гъэлъэгъуэныгъэ, зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэр. **Лашынкъей къуажэм** Щэнхабзэмкlэ и унэм фокIадэм и 20-м щызэхэтынущ «Дэ дыадыгэщ, Кавказ къуршхэм дрибынщ» зыфIаща гуфlэгъуэ зэхьэхьэр. Апхуэдэу а махуэ дыдэм **Щхьэлыкъуэ, Щэджэм Етlуанэ, Нартан къуажэхэм щекIуэкIынущ «Гъагъэ, си адэжь лъахэ» махуэшхуэ концертрэ адыгэ джэгурэ**.

Адыгэхэм я дунейпсо махуэм пыщIа Iуэхугъуэ псоми я къызэрэпэщакIуэхэр щогугъ ди республикэм щыпсэуэхэм я дежкIэ ар махуэшхуэ гукъинэж, дэрэжэгъуэрэ гушхуэныгъэрэ къызыхахын Iуэхугъуэ щхьэпэ зэхуэныр.

НЫБЖЬ Таисэ.

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 16, щэбэт

♦Щ1ым и озон къатыр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦Къыргъызстаным Къэрал шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ и Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Мексикэм и щхьэхуитныгъэм и махуэщ

♦Къэзахъстаным Анэм и махуэр щагъэлъапIэ

♦1380 гъэм урысыдзэхэр Куликовэ щыIэм деж Мамай хъаным и дзэхэм щатекIуаг.

♦1810 гъэм Мексикэр къэрал щхьэхуит хъуащ - ар Испаниемрэ къызэрыхэкIым теухуа унафэ къащтащ.

♦1918 гъэм Бэракъ Плъыжь орденыр къащтащ.

♦1931 гъэм Москва Гуащэхэм я къэрал академическэ театр къыщызэIуахащ. Театрым зэрехьэ абы и къызэрэпэщакIуэ, илъэс кудкIэ и унафэщIу щыта, СССР-м и цIыхубэ артист Образцов Сергей и цIэр.

♦1943 гъэм советыдзэхэм Новороссийск къалэр фашистхэм къыщIащIагъэхьажащ.

♦1944 гъэм Налшык къыщызэIуахащ республикэм и дохутырхэм я съезд.

♦1976 гъэм Ереван псы хъумапIэм хэхуа троллейбусым исахэм щыщу цIыку 20-м щIигъу къыригъэлащ псы щIагъым щесынымкIэ дунейпсо чемпион мызэ-мытIуэ хъуауэ щыта Карапетян Шаварш.

♦Урыс дзэпщ, генерал-фельдмаршал **Кутузов Михаил** (и унэцIэ дыдэр **Голенищев-Кутузовщ**) къызэралъхурэ илъэс 272-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэмкIэ щыIэхэ зиIэ и лэжьакIуэ, адыгэхэм я къэкIуэкIыкIар зыджа, ЩIДАА-м и академик **Куценкэ Игорь** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Кокшенов Михаил** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Теленэтынхэр езыгъэкIуэкI, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Вовк Ангелинэ** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Абазэ щIэныгъэлI, политик, КъШР-м и ЩIыхьэ Зэхуэсым и депутату щыта **Шенкао Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цIыхубэ артист **Петросян Евгений** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Къэрал, политикэ лэжьакIуэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь, Урысейм и вице-президенту щыта, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, дзэ щIэныгъэхэм я кандидат, профессор **Руцкой Александр** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и и профессор **Ащхьэт Олег** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ киноактёр щIэрыIуэ **Рурк Микки** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ иллюзионист, игъэлъагъуэ мэгу къарумкIэ дуней псом щIэрыIуэ щыхъуа **Копперфильд** (и унэцIэ дыдэр **Коткинщ1 Дэвид** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 32-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

ФокIадэм и 17, тхьэмахуэ

♦Брянскэ областыр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыщыIэщIагъэкIыжа махуэщ.

♦Украинэм щагъэлъапIэ къегъэлакIуэм и махуэр

♦США-м и конституцэмрэ и гражданствэмрэ я махуэщ. 1787 гъэм США-м и конституцэр къащтащ.

♦Болгарие Республикэм и къалащхьэ Софие и махуэщ.

♦1630 гъэм Америкэ Ищхъэрэм и къуэкIыпIэ хьы Iуфэм Бостон къалэм и лъабжьэр щагъэтIылъащ Инджылызым и Бостон къалэм иIэпхъуэкIахэм.

♦1922 гъэм Урысейм щыпэу радиокIэ концерт ятащ. Апхуэдэу лэжьэн щIидзауэ щытащ «Москва и радиом».

♦1941 гъэм ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым унафэ кIиущтащ республикэм щыщу цIыху 450-рэ Дзэ Плъыжьым и десантыдзэм игъэкIуэну.

♦1988 гъэм Корее Ипщэм и кьалащхьэ Сеул къыщызэIуахащ XXIV гъэмахуэ Олимп Джэгуфэр. Ахэр фокIадэм и 17 - жэпуэгъуэм и 2-хэм екIуэкIащ. Медаль нэхъыбэ дыдэ кьихьри, СССР-м и командэ къыхэхам абыхэм япэ увыпIэр щиубыдауэ щытащ.

♦Урыс дохутыр-терапевт цIэрыIуэ, профессор, жылагъуэ лэжьакIуэ **Боткин Сергей** къызэралъхурэ илъэси 185-рэ ирокъу.

♦Совет евгажьэшхуэ, къэхутакIуэ, космонавтикэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа **Циолковский Константин** къызэралъхурэ илъэси 160-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, ЩIыщокъуэхэ Рашидэр Алимрэ и адэ **КIыщокъуэ Пщымахуэ** къызэралъхурэ илъэси 140-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, кинорежиссёр, сценарийхэр зытх, УФ-м и цIыхубэ артист, «Оскар» саугъэтыр зи фильмым къыхагъэфэща **Меньшов Владимир** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **БакIуу Хъандэрий** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Ачмыжь Мариет** (АР) къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей хоккеист, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, дунейм щэнэрэ и чемпион **Овечкин Александр** и ныбжьыр илъэс 32-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 17 - 20 щыхъунущ.

ФокIадэм и 18, блыщхь

♦Псым и фIагъыр хэзэщытэным и дунейпсо махуэщ

♦Секретарым и махуэщ

♦Азербайджаным и лъэпкъ макъамэм и махуэщ

♦Армением щагъэлъапIэ астрономием и махуэр

♦1810 гъэм Чилир Испаниемэ зэрыхэмытыжыр, ар къэрал щхьэхуиту зэрыщытыр хэIущIыIу ящIащ.

♦1929 гъэм СССР-м ягъэ комбайнхэр, «Коммунар» зыфIащахэр, къыщIигъэкIыу щIидзащ.

♦1934 гъэм СССР-р Лъэпкъхэм я Лигэм хьыхащ.

♦1947 гъэм США-м ЦРУ-р(тIасхъэщIэх управленэ нэхъыщхьэр) къыщызэрагъэпэщащ.

♦1991 гъэм Украинэм и Радэ Нэхъыщхьэм унафэ кьищтащ щIыхуГуэзыкIуэ зэгуэлъ ныпыр я краглым и бэракъуэ зэрыщытым теухуауэ.

♦ШэрджэзкIуэ **Хьэбэчыр Бетlал** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Мэшыкъуэ Феня** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 31-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Iей мыхъу фIы хъужыркъым.

● Бахъсэн щIыналъэ

Пхъэщхьэмыщхьэр къыщрахьэлIэж

Нэхъ пасэу хъу «Гала» мыIэрысэ лIэужьыгъуэр мы махуэхэм Бахъсэн районым къыщыпачыж. А пхъэщхьэмыщхьэ сортыр фокIадэм икуэмрэ икIэмрэ кърахьэлIэжми, и фIагъыр къыщицтэр щэкIуэгъуэ мазэрщ.

РАЙОНЫМ и жылагъуэ псоми щыщхэр мы лажьыгъэм хэтщ. ЗэщIакъуэж мыIэрысэр пластик контейнерхэм ирагъэзагъэри, илъэскIэ щахъумэну щIыIалъэм ирагъашэ.

Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм ерыскъыпхъэхэмрэ щIы зэхущытыкIэхэмкIэ и кьудамэм и унафэщI Кьаскъуэ Хьэмидбий зэрыжиIамкIэ, псынщIэу зызыужь я жыг хадэхэм мы гъэм къахэхъуащ, иджыпсту абыхэм кегтар 2134-рэ яубыд, гектар 1368-м къапокIэ.

«Бахъсэн и жыг хадэхэр» ООО-м псынщIэу хэхуэу жыгэм хуэдэу гектар 220-рэ зэрехьэ. Ар мы зэманым районым и агрофирмэ нэхъ ин дыдэщ. Хозяйствэм мыIэрысей лIэужьыгъуэ зыбжанэм щолэжь. Апхуэдэщ «Голденделишес», «Гала» жыхуаIэхэр. «Гала» лIэужьыгъуэм фIэкIа къыщыхьэщIыкIа бэв кьайхъулIащ.

Агрофирмэм и унафэщI Къаздэхъу УГырулы къызэригъэлъэгъуамкIэ, гъэр хъарзынэу зэрекIуэкIам и фIыгъэкIэ, пхъэщхьэмыщхьэ бэв кьайхъулIащ.

Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

ГуащIэдэкI хьэлэлым къыхихьа щIыхь лъагэ

Ди республикэм и промышленнэ Iуэхущ1апIэ нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщу зи лъабжьэр 1931 гъэм ягъэтIылъа, 1938 гъэм лажьэу яутIипща Нартхьалэ дэт химкомбинатыр (иджыпсту «Стандарт-Спирт» ООО). Совет Союзым и лъэхъэнэм а комбинатыр илъэ-тэрт къэралым и апхуэдэ Iуэхущ1апIэ нэхъ инхэм ящыщу. Илъэсым хуэдэу абы къыщIигъэкIыпт спирт декалитр мелуанрэ ныкъуэм щIигъу. IэнатIэм щIэзэфIаха, ноби щекIуэкI лэжьыгъэфIэхэми текIуэныгъэ инхэми я щIыбагъ къыдэльэщ щыщIэныгъэхэр, гугъуехьэр, нэхъыщхьэращи, щапхъэу бгъэлъагъуэ хъуну цIыху гъащIэ купщIафIэхэр. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, лъэпкъ промышленностым и зыужьныгъэм зи гуащIэ хьэлэлрэ щIэныгъэ куурэ езыхэлIа, эжкупсэ нэс Нэзэр Хьэчим Iэюб и къуэм и гъащIэ гъуэгуанэр.

● ДифI догъэлъапIэ

НЭЗЭР Хьэчим Аруан районым хыхьэ Къэхуэн къуажэм 1938 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм къыщыдгъхуащ. Зи сабийгъэр Хэку зауэшхуэм и илъэсхэмрэ абы къыкIэлъыкIуэ лъэхъэнэ хьэлъэмрэ хиубыда щIалэ цIыкIум псэкIэ зыхищIащ гъащIэм и дыджагъ куэд. Хьэчим и адэ Iюбрэ и анэ Дадушэрэ унагъуэу псэуну щIадза къудейт, зауэр къыщыхъеям щыгъуэ. Iюб ящыщащ лIыгъэрэ хахуагъэрэ хэлъу бий бзаджэм пэщIэува совет зауэлIхэм.

- Си адэр зауэм щыдашам щыгъуэ, си къуэш нэхъыжьыр илъэси 8 хъуат, сэ иджыри илъэси 4 сикъуатэкъым, си шынэхъыщIэ цIыкIур илъэсрэ ныкъуэрэ ныбжьым иту арат, - игу кьеГэжьКIыж Хьэчим.

- Ди анэм жиIэжу зэрыщыгъамкIэ, 1942 гъэм унагъуэм къытIэрыхьауэ щытащ фронтым къикIа дэфтэр. Абы итт ди адэр хъыбарыншэу зэрыкIуэдар.

Ар, дауи, гуауэшхуэт Дадушэ и дежкIэ, арщхьакIэ иужьрейтэкъым. Уз хьэлъэ кьеуалIэри, куэд дэмыкIыу дунейм ехьажащ ди къуэш нэхъыщIэ цIыкIур. А псори хуабжьу къытехьалIат ди анэ тхьэмыщкIэм, ауэ, итIани, и бгыр щIикъуэзэри быныр пIыным, унагъуэр зехьэным яужь ихьажащ. А кьалэнхэм ящIыгъут колхоз лэжьыгъэ ткIийри.

Хэку зауэшхуэр ди къэралым и текIуэныгъэкIэ иуха нэужь, мамыр гъащIэр дэнэкIи щызэпрауIэфIэж хьуащ. Лъэхъэнэр хьэлъэми, щыщIэныгъэхэр куэдми, зауэжьым къахуихьа гуауэмрэ болыхьхэмрэ зи псэр яхузаэу илъэси 4-кIэ псэуа цIыхухэр нэхъ нэжгужэ хъужат, мамырыгъэм къахуихьыну зыщIэхъэупс гъащIэ дахэр къэкIуэнум ирапхыу. Дадушэ дэIэпыкъуэгъуу иIэр и щIалэ цIыкIуитIырт, псом хуэмыдэу нэхъыжьыр. Илъэси 4 школыр кьиуха нэужь, анэм и лъэIукIэ ар гъукIэгъэсэну хьищтат Нэзэрхэ я гъунэгу, къуажэ гъукIэ Шьбзаныхъэ Сэлэдин. Зэрылажьэм хуэдэуэ ар анэм щIэгъэкъуэныщхъуэ хуэхъурт.

Хьэчим зэрыцIыкIу лъандэрэ тхьапыр фIыуэ илъагъуу, еджэным и нэ кьыхуикIыу кьэхъуащ. Абы зэрыжиIэмкIэ, пасэу кьыгурыIуащ щIэныгъэ зимыIэ, IэщIагъэ гуэр зыбгъэдэмыпIэ цIыхум гъащIэм ювыпIэ хэха щигъуэтыныжмкIэ нэхъ гугъу зэрехьыр. А гуращэхэр щэхуу зи гум щызыгъафIэ щIалэ цIыкIур Кьэхъун къуажэм дэт курыт школым хъарзынэу щеджащ, абы щекIуэкI жылагъуэ лажьыгъэхэми жыджэру хэтащ.

- ФIы дыдэу сощIэж икIи фIыщIэ ин дапщэщи яхуэсщIынущ школым дыщезыгъэджа, щIэныгъэ зэдгъэгъуэтынми гъащIэм дыхуэущинымкIи унэтIакIуэ тхуэхуэ ди егъэджакIуэ щыгъкъэхэм, - игу кьеГэжьКIыж Хьэчим. - Псом хуэдэжтэкъым классэ унафэщIу диIа, иужькIэ филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор хьуауэ щыта Шэджфыхьэщ Марие. Урысыбзэмрэ литературэмрэ егугъуу зэрыдигъэджым къыдэкIуэу, ар сабийхэм къыдэлIалIэрт, бын пэлъытэу. ЕлIалIэрт хьэл-щэн дахэ кьыхитIлъхьэным, лъэныкъуэ куэдкIэ зыужьыныгъэ дгъуэтыным. Апхуэдэ гулъытэр зэи пщыгъупщэ хьунукъым.

Курыт школыр хьарзынэу къиуэхами, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыным ехьэлIа и хьуэпсапIэхэр Хьэчим занщIэу зригъэхъулIэфакъым. Куэд дэмыкIыу щIалэр ираджащ дзэм къулыкъу щищIэну. 92128-рэ дзэ частым хэту адыгэ щIалэм къулыкъур щытхъу иIэу щрихьэкIащ Азербайджаным и щIыналъэхэм. Хьэл-щэн екIу зыхэлъ бгырыс щIалэм бгъэдэлъ гупсысэ шэщIамрэ щIэныгъэмрэ гу лъамытэу къэнакъым. Ар штабым ягъэкIуащ щхъуу хъумэн хуей дэфтэрхэр зытх Iэщ1агъэлIу. Нэзэрым пщIэ кьыхуащIырт штабым и унафэщIхэм, абы и лэжьакIуэхэм. Абыхэм я жэрдэмкIэ 1961 гъэм ар хъуащ КПСС-м и хьыхьэнухэм я кандидат. Илъэс нэхъ дэмыкIыу партым хагъэхьащ. Штабым и унафэщIхэращ Хьэчим щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыныжмкIэ сэбэп хъуари. Иджыри щылыкъур ирихьэкIыу, абы и дэфтэрхэр ягъэхьащ КъБКъУ-м и агроном факультетым. ЗэрыщIэтIысхьэ экзаменхэр зэритын хуейм кьыхэкIыу, дзэ къулыкъуми нэхъ пасэу кьыпэрагъэкIыжащ.

ЩIэныгъэ зэгъэгъуэтыным хуэнэхъуеиншэ щIалэр а хъуэпсапIэр зэрызригъэхъулIэн Iэмал кьызэрыкуэкъуэкIам дамэ кьыгуригъэкIауэ кьэкIуэжащ щалъхуа щIыналъэм. КъБКъУ-ми лъэпощхьэпоуншэу щIэтIысхьат, арщхьакIэ унагъуэм ядэIэпыкъун хуейти, мазуэрыеджэр Iэщ1ыб имыщIу хъуакъым. Партым и Аруан район комитетым и жэрдэмкIэ, ар ягъэуващ Нартхьалэ дэт ацетон заводым (арат абы щыгъуэ химкомбинатым зэреджэр). Зэрылажьэм хуэдэуэ еджэну и мурадами, ар кьыхуэзэпищащкъым Хьэчим: еджэным тригъэкIуэдэн зэмани кьаруи кьыхуэмынэжу, ар е лэжьыгъэ IэнатIэм пэрытт, е унагъуэ Iэхъу зэрихуэрт. Апхуэдэу хъуами, зэман дэкIа нэужь Нэзэрым зригъэхъулIащ и гуращэр. 1963 гъэм ар щIэтIысхьащ Москва дэт технологие институтым. Абы илъэси 3-кIэ щIэсауэ и еджэным щыпищащ Ерыскъыпхъэ промышленностымкIэ Союзпсо институту Москва дэтым икIи ар екъулIэныгъэкIэ кьиухащ.

КьыхэзгъуэкI лэжьакIуэ химкомбинатым ува Хьэчим бгъэдэлъ зэфIэкI лъагэхэр гулъытэншэ хъуакъым. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, ар инженер-технолог пашэхэм ящыщу заводым щылажьащ. Иужькъэ кадрэхэр гъэхьэзэрыныжмкIэ абы инженер нэхъыщхьэу, производственнохэмкIэ егъэджэныгъэмкIэ инженер нэхъыжь, комбинатым и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщI кьалэнхэр илъэс куэдкIэ кьызыхуэтынщэу ирихьэкIащ. Бгъэдэлъ щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ хигъэхъуэну Нэзэрым къиухащ СССР-м и микробиологие промышленность IэнатIэм и унафэщIхэм папщIэ кьызэригъэпэщ хабзэ курс нэхъыщхьэхэр, СССР-м ерыскъыпхъэ промышленностым и Iэщ1агъэлIэхэм я Iэзагъым хагъэхьуэн папщIэ кьызэригъэпэщу щыта илъэсиитI курсхэр.

Псори зэхэту къапштэмэ, Нэзэрыр Iуэхущ1апIэм Iутащ илъэс 55-м щIигъукIэ. А зэманым къриубыдэу Iэщ1агъэлI Iэкъуэлъакъуэм и цIэр фIыкIэ зэкъым-тIэукъым кьызэрыпIуар. Комбинатым, IэнатIэм щекIуэкI социалист зэхьэзэхуэхэм ари и нэIэм щIэт лэжьакIуэхэри жьыджэру хэтт сыт щыгъуи, увыпIэфIэр кьаху. ГуащIэдэкI хьэлэлым Нэзэрым щIыхь лъагэ кьыхуихьащ. Абы и щIыхьэтщ кьыхуагъэфащэ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхьилъхэр. Абыхэм ящыщщ «СССР-м и микробиологие промышленностым и отличник» бгъэхэIур, «ГуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ», «Лэжьыгъэм и ветеран» медалхэр, «Социалист зэхьэзэхуэм зэрыщытекIуам папщIэ», «Граждан зыхъумэжьныгъэм и отличник» дамыгъэхэр, СССР-м и Министрхэм я Советым къепхауэ лажьэ, микробиологие промышленностымкIэ управленэ нэхъыщхьэм, СССР-м Биологие промышленностымкIэ и министерствэм къабгъэдэкI щIыхь тхьилъхэр, саугъэт лъапIэхэр, нэгъуэщIхэри. 1978 гъэ лъандэрэ Хьэчим хэтщ Ерыскъыпхъэ промышленностым и нэIэм щIэту лажьэ ЩIэныгъэ-техникэ зэгухьанэгъэм (НТО).

И IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, зэфIэкI лъагэхэр зиIэ, и лэжьыгъэм гурэ псэкIэ пэрыт Нэзэрым дапщэщи и щIыбагъ кьыдэтщ и унагъуэ дахэр. Хьэчим и щхьэгъуэ Таисие (и ахърэтыр нэху Тхъэм ищI) пщIэрэ щIыхьрэ иIэу илъэс куэдкIэ щылэжьащ Кьэхъун дэт курыт школ №91-м. Урысыбзэмрэ литературэмрэ щIэблэм езыгъэжьа лэжьакIуэ IэкIуэлъакIуэм и гъэсэныгъэ адрейхэм кьахэщырт ябгъэдэлъ щIэныгъэмкIэ, яхэлъ хьэлщэныжмкIэ. Хьэчимрэ Таисиерэ быныфIэт. Абыхэм кьащIэхъуащ, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ я лъабжьэу ягъэсащ хьыджэбзитIрэ зы щIалэрэ. Iэсият, Заурбэч, Iэнуса сымэ щIэныгъэ нэхъыщхьэрэ зыщIэхьуэпс ІэщIагъэрэ ирагъэгъуэтащ зэщхьэгъусэхэм. Ахэр псори унагъуэ дахэ хьужащ.

Быным, кьуэрылъху-пхъурылъхуэм я ехьулIэныгъэхэм ирогушхуэ, иропагэ, игури и псэри доин Хьэчим. ЩIэблэр къохьу, адэ гумащIэм, адээхуэ Iэфым пщIэ хуащIу, абы и ущиехэмрэ чэнджэщхэмрэ я гъуэгугъэлъагъуэу, нэхъыжьыфIым и гъащIэ гъуэгуанэ купщIафIэр, и гупсысэ кууэхэр, дуней еплъыкIэ екIур я гъуэзэу. Лъэпкъ промышленностым и зыужьныгъэм, Нартхьалэ химкомбинатым и зэфIэIуэвэныгъэм зи гуащIэрэ щIэныгъэрэ езыхьэлIа Нэзэр Хьэчим дохьэзхъу и унагъуэ дахэм иджыри куэдрэ узынщэу ящхьэщытыну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Вэрокъуэ Владимир и фильмыщIэ

● Щэнхабзэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и фондым фокIадэм и 12-м щагъэлъэгъуащ НОТР телеканалым и унафэщI, режиссёр цIэрыIуэ Вэрокъуэ Владимир «Мария - русская царица из Кабарды» фIэщыгъэм щIэту триха фильмыр. Абы къарагъэблэгъат къулыкъущIэхэр, щэнхабзэм, гуэзджэм я лэжьакIуэхэр, цIыху цIэрыIуэхэр.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ щIикъум ирихьэлIэу тхьдэр и лъабжьэу траха фильмыр дунейм кьызэрытехьэрэ куэд мыщIами, Волгоград, Дон Iус Ростов, Самарэ, Саратов, Норильск, Черкесск, Ставрополь, Астрахань щIынальэхэм щагъэлъэгъуащ, нэхъыбэжми щызэбграгъэкIыну я мурадщ.

Кинофильмыр ирытрахыну Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ федеральнэ агентствэм ахъшэ кьыхуаутIыпщащ, абы кьищынэмыщIауэ, УФ-м и Правительствэм гранти кьыхуигъэфэщащ.

Вэрокъуэм кьызэхуэсахэр зэрыщигъэгъуэзамкIэ, фильмыр «Голос Евразии» зэпеуэм щытекIуащ, абы кьыдэкIуэу фестиваль, зэпеуэ зыбжанэм ирагъэхьащи, и цIэр фIыкIэ ирапIуэну щогугъ. Гуащэнэ теуха фильмыр Франджыми мыгувэу щагъэлъэгъуэнущ.

Идар Темрыкъуэ и пщыгъэ лъэхъэнэмкIэ щIедзэ фильмым. Абы къыщыгъэлъэгъуащ Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ пащтыхь Иван Грознэм щхьэгъусэу иратауэ зэрыщытар. И гупсысэ, аскъал зэрыубыдыгъуэ мыхъуами, а пщащэ Iущым, лIыгъэ зыхилъхьэри, и адэр, и дэлъхуэхэмрэ кьызыхэкIа лъэпкъымрэ имыгъэукIытэу адыгэхэм щхьэузыхь захуищIащ. Тхьдэджхэу Дзэмыхь Къасболэт, Опрышкэ Олег, Къалмыкъ Жылэбий, КъБР-м ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэныжкIэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис, КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий сымэ, блэкIам и напэкIуэцI щхьэхуэхэм я гугъу ящIу, къыщопсалъэ фильмым.

- Фильмыр щытеох лъэхъэнэм цIыху куэдым, Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэм Iуэхутхьэбзэкl захуэзгъэзэн хуей хъуати, зыми «хьэуэ» къыхигъэкIакъым. Нобэ фи пащхьэ кьисхьа лэжьыгъэр кьызэхъулIамэ, зи фIыщIэр щIэгъэхъуэн къысхуэхъуэхращ. Пэжым ухуеймэ, кьесхьэжьа Iуэхум щыгуфIыкIыу кьыздзэзыгъэпсынщIахэри мащIэкъым. Фильмым хухэтха зэманыр зэрымащIэм къыхэкIыу, дызыхуеят куэд тхуигъэзэгъакъым, дигу кьеуэу тепльэгъуэ зыбжанэ хэдгъэкIын хуей хъуащ. Абыхэм ящыщщ «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ » (Толстой А.) спектаклым щыщ пычыгъуэхэр, адыгэ уэрэджыжьхэр, нэгъуэщIхэри. Фильмыр тезыхахэм кьэдгъэлъэгъуэну дызыхуея гупсысэр кьызэрывгурыIуэр кьэсщIэну, фи Iуэху еплъыкIэр зэхэсхыну си гуапэщ, - захуигъэзащ Вэрокъуэм кьызэхуэсахэм.

- Iуэхум и фIымрэ и Iеймрэ зэхэбгъэкIынымэ, лъэныкъуэ куэдкIэ уку-щеплъыкIэ хуейщ. Мы фильмым сыт хуэдэ лъэныкъуэкIэ укъыщемыслIапIымэ, иФI фIэкIа пIъагъуркъым. Уэзрыадыгэм щхьэкIэ гуащхуэнысэ и кьыпхэзыIыхьэ теплъэгъуэ лъэщхэм уащрохьэлIэ абы, - жиIащ философие щIэныгъэхэм я доктор **Хьурей Феликс**.

Тхьдэм и пэжыр щыхьхэм яльэгъэIэсыныжмкIэ фильмыр уасэншэ фIыгъуэу кьызэрилъытэм теухуауэ щытащ **Опрышкэ Олег** и кьэпсэлъэныгъэр.

- Тхьдэр къратхькIыжыну, яуфIеину яужь итхэр зэрымымащIэм фIыщыгъуазэщ. Адыгэ лъэпкъым и блэкIам, и щхьэ хуищIыжу щыта пщIэм, хэлъа къаурум, акъылым и щыхьэтщ ди нэгу щIэкIа теплъэгъуэхэр. Апхуэдэ пэжыгъэ куэдкIэ иджыри дыбгъэгуфIэну ди гуапэщ, Владимир - кьыхигъэщащ абы.

ЕджапIэ нэхъыщхьэхэм-рэ курытхэмрэ фильмыр щагъэлъэгъуэну кьыхилъхьащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI **Дзэмыхь Къасболэт**.

Хьэфыщ1э Мухьэмэд

Дзэмыхь Къасболэт

Вэрокъуэ Владимир

Опрышкэ Олег

Хъурей Феликс

Зумакулов Борис

- Иджырей щIэблэм нэхъыбэу дзыхь зыхуащIыр телевизорымрэ интернетымрэщи, а Iэмалхэр кьэдгъэсэбэну щIэблэр гъэзгу захуэ тедгъэувэн хуейщ. Сэ хуабжьу сигу кьоуэ Марие теухуауэ хъыбарыпщI куэд кьызэрыраехьэкIыр. Тхьдэм кьыщыгъэлъэгъуэращ пэжыр, - жиIащ Дзэмыхьым.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** псалъэ ирата иужь Вэрокъуэм иджырей и лэжьыгъэри кьызэрехъулIамкIэ ехъуэхъуащ. Ар хэхэс адыгэхэм егъэлъагъуным и мыхьэнэр зэрыльагэри кьигъэлъэгъуащ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Кьэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд** Вэрокъуэм и фильмыр лъэпкъ щэнхабзэм и хэлъхьэныгъэшхуэу, щIэупщIэ ин зиIэну лэжьыгъэу зэрибжыр жиIащ. Фильмым и ныкъусаныгъэу кьилъытэхэри ибзыщIакъым.

Фильмыр тезыха гупым ящыщ зыбжанэ ягъэлъэпIащ Творчествэмкlэ дунейпсо академием и щIыхь дамыгъэхэмкIэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КЪАРДЭН Барэсбий Мусэ и къуэр

Къардэн лъэпкъ зэгухьэныгъэм гущIыхьэ щыхьхуауэ хъыбар фегъащIэ лъэпкъым и нэхъыжьыфIэхэм ящыщ Къардэн Барэсбий Мусэ и къуэр дунейм зэрехьажамкIэ.

Къардэн Барэсбий Мусэ и къуэр 1927 гъэм щэкIуэгъуэм и 7-м Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Хэкур нэмысщхэм щабыдащ, иджыри балигъ мыхъуауэ, Барэсбий партизанхэм яхэтащ. Республикэм нэмыщ фашистхэм къыIэщIагъэкIыжа нэужь, Къардэныр Налшык мэкъумэш техникумым еджапIэ ягъэкIуауэ щытащ. Ар кьиухри, Барэсбий къыщалъхуа къуажэм къигъэзэжащ, Iэщ1хэм якIэлъыплъ фельдшер Iэщ1агъэр игъэтауэ. Ар яхэтащ зауэ нэужь лъэхъэнэ гугъу дыдэм республикэм мамыр гъащIэр щыIэтезыхуужьажэм. 1947 гъэм Къардэныр дзэм кьулыкъу щищIэну ираджащ, а кьалэныр щIыхь пылъу ирихьэкIри, Зеикъуэ кьигъэзэжащ. 1965 гъэм Барэсбий ягъэуващ республикэм щынэхь ин дыдэ колхозэм ящыщ зым - «Зеикъуэм» - и унафэщIу икIи жэуапIныгъэшхуэ зыпылъ а IэнатIэм пэрытащ 1985 гъэ пщIондэ. Унафэщ1 Iэкlуэлъакlуэу, кьызэгъэпэщакIуэ Iэзэу, акъылыкфIэу зэрыщытым и сэбэп кьекIащ Зеикъуэми, районми, республикэми.

Колхозым мэкъумэшэкIыу кьыщрахьэлIэм куэдкIэ хэхъуат Къардэн Борис абы и унафэщIу щыщыта илъэсхэм. Республикэм и колхозхэтхэм я лэжьапIэр ахъшэкIэ ятыным ягъэ хуэкIуахэм ящыщащ «Зеикъуэр». Къуажэм зиужьыныжмкIи колхозым Iуэхуфl куэд зэфIигъэкIащ а лъэхъэнэм. Республикэм и унафэщIхэм хуэфащэ пщIэн хуащIауэ щытащ мэкъумэш Iуэхущ1апIэм и ехъулIэныгъэхэм. Езы Къардэн Барэсбий игъэтауэ. Ар яхэтащ зауэ нэужь лъэхъэнэ гугъу дыдэм республикэм мамыр гъащIэр щыIэтезыхуужьажэм. 1947 гъэм Къардэныр дзэм кьулыкъу щищIэну ираджащ, а кьалэныр щIыхь пылъу ирихьэкIри, Зеикъуэ кьигъэзэжащ. 1965 гъэм Барэсбий ягъэуващ республикэм щынэхь ин дыдэ колхозхэм ящыщ зым - ИлъэсыкIэм гъавэгъэкIэхэм кьахуихьа лъэпощхьэпохэми емылъытауэ, жиIэну хъарзынэу зиужьащ. Мыбдежьым къызытапхъэщ хьэсапкъэхэм щрагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр сыт и лъэныкъуэкIи иджырей мардэхэм тету кьызэрырахьэлIар: и чэзум щыгъэпшэрхэмкIэ елэжьащ, дунейр щыуэгъум псы щагъэлъэдащ. Кьапщтэмэ, Май, Прохладнэ щыналъэхэм ноби кьыщагъэсэбэп совет лъэхъэнэм щыIа псыутх ящыщ Iэщ1агъэлI Iэкlуэлъакlуэм и цIэр фIыкIэ зэкъым-тIэукъым кьызэрыпIуар. Комбинатым, IэнатIэм щекIуэкI социалист зэхьэзэхуэхэм ари и нэIэм щIэт лэжьакIуэхэри жьыджэру хэтт сыт щыгъуи, увыпIэфIэр кьаху. ГуащIэдэкI хьэлэлым Нэзэрым щIыхь лъагэ кьыхуихьащ. Абы и щIыхьэтщ кьыхуагъэфащэ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхьилъхэр. Абыхэм ящыщщ «СССР-м и микробиологие промышленностым и отличник» бгъэхэIур, «ГуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ», «Лэжьыгъэм и ветеран» медалхэр, «Социалист зэхьэзэхуэм зэрыщытекIуам папщIэ», «Граждан зыхъумэжьныгъэм и отличник» дамыгъэхэр, СССР-м и Министрхэм я Советым къепхауэ лажьэ, микробиологие промышленностымкIэ управленэ нэхъыщхьэм, СССР-м Биологие промышленностымкIэ и министерствэм къабгъэдэкI щIыхь тхьилъхэр, саугъэт лъапIэхэр, нэгъуэщIхэри. 1978 гъэ лъандэрэ Хьэчим хэтщ Ерыскъыпхъэ промышленностым и нэIэм щIэту лажьэ ЩIэныгъэ-техникэ зэгухьанэгъэм (НТО).

И IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, зэфIэкI лъагэхэр зиIэ, и лэжьыгъэм гурэ псэкIэ пэрыт Нэзэрым дапщэщи и щIыбагъ кьыдэтщ и унагъуэ дахэр. Хьэчим и щхьэгъусэ Таисие (и ахърэтыр нэху Тхъэм ищI) пщIэрэ щIыхьрэ иIэу илъэс куэдкIэ щылэжьащ Кьэхъун дэт курыт школ №91-м. Урысыбзэмрэ литературэмрэ щIэблэм езыгъэжьа лэжьакIуэ IэкIуэлъакIуэм и гъэсэныгъэ адрейхэм кьахэщырт ябгъэдэлъ щIэныгъэмкIэ, яхэлъ хьэлщэныжмкIэ. Хьэчимрэ Таисиерэ быныфIэт. Абыхэм кьащIэхъуащ, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ я лъабжьэу ягъэсащ хьыджэбзитIрэ зы щIалэрэ. Iэсият, Заурбэч, Iэнуса сымэ щIэныгъэ нэхъыщхьэрэ зыщIэхьуэпс ІэщIагъэрэ ирагъэгъуэтащ зэщхьэгъусэхэм. Ахэр псори унагъуэ дахэ хьужащ.

Быным, кьуэрылъху-пхъурылъхуэм я ехьулIэныгъэхэм ирогушхуэ, иропагэ, игури и псэри доин Хьэчим. ЩIэблэр къохьу, адэ гумащIэм, адээхуэ Iэфым пщIэ хуащIу, абы и ущиехэмрэ чэнджэщхэмрэ я гъуэгугъэлъагъуэу, нэхъыжьыфIым и гъащIэ гъуэгуанэ купщIафIэр, и гупсысэ кууэхэр, дуней еплъыкIэ екIур я гъуэзэу. Лъэпкъ промышленностым и зыужьныгъэм, Нартхьалэ химкомбинатым и зэфIэIуэвэныгъэм зи гуащIэрэ щIэныгъэрэ езыхьэлIа Нэзэр Хьэчим дохьэзхъу и унагъуэ дахэм иджыри куэдрэ узынщэу ящхьэщытыну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Сабиигъуэм теухуа лэжьыгъэхэр

● Зэпеуэхэр

Фигу къэдгъэкIыжыщи, ди къэралым и щIыналъэхэм щокIуэкI сабийхэмрэ сабиигъэмрэ ятеухуауэ журналхэм, газетхэм къытрадзахэм, Интернетым иралъхьахэм, аудио-, видеокожетхэу радиомрэ телевиденэмкIэ къатахэм, къагъэлъэгъуахэм я VIII урысейпсо зэпеуэ, «В фокусе - детство» фIэщыгъэр зиIэ а зэхьэзэхуэр иухынущ жэпуэгъуэм и 1-м. «КъБР-Медиа» къэрал Iуэхущ1апIэм и пресс-IэнатIэм хьыбар къыдэзрыдигъаIамкIэ, балигъхэм нэмыщI, зэпеуэм хэт хъунущ зи ныбжьыр илъэс 13 - 17 хъуа журналист ныбжьыщIэхэри.

ЗЭПЕУЭР унэтIныныгъи 3-кIэ екIуэкIынущ:

- «Сабийм удэIэпыкъунэ, унагъуэми защIыбогъакъуэ»;
- «Адрейхэм емыщхь сабиигъуэри зэгъэсэу идохьэкI»;
- «ЩIыуагъэхэм елэжьыжьын».

А унэтIныныгъэ нэхъыщхьэхэм къадэкIуэу, зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэхэм я бзыхуащ нэгъуэщI унэтIныныгъэпплIи. Абыхэм ягъэхъ хъунущ жэуапIныгъэр зыхэзыщIэ адэ-анэхэм, 8-800-2000-122 Дзыхь зыхуащI урысейпсо телефоныр зэрылажьэм, «Илъэсым и унагъуэ» урысейпсо зэпеуэр зэрекIуэкIым, Сабийхэм защIэгъэкъуэныжмкIэ фондымрэ Киа Моторс РУС IэнатIэмрэ къызэрагъэпэща «Лъэпощхьэпоуншэу зекIуэн» проектыр гъащIэм зэрыхапщэм ятеухуа лэжьыгъэхэр.

Зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм зэтыну гукъыдэж зиIэхэм абы теухуа лъэIу тхылъ 2017 гъэм и жэпуэгъуэм и 2 пщIондэ яхэтынущ «КъБР-Медиа» къэрал Iуэхущ1апIэм и электрон адресым: press-minsmi@yandex.ru. Зэпеуэм ебгъэхьыну электрон дэфтэрхэр зэрыгъэхьэзырын хуейм щыгъуазэ зыхуэсфщIыфынущ абы и http://fond-detyam.ru сайтым. УэзрыщIэупщIэну телефоныр 8(8662) 40-61-80.

КЪАРДЭН Ритэ.

НартыхугъэкIхэр бэлэрыгъыркъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш Iуэхущ1апIэхэм нартыхур щыIуахьыж.

ХЭГЪУЭМ япэу щыпэрыхьащ тафэтес щIыналъэхэу Прохладнэ, Май, Тэрч. Предприятэхэр мэкъумэш техникэхэмкIэ тэмэму кьызэрызэгъэпэщам и фIыгъэкIэ гъавэр кIэрыхуншэу икIи и пIалъэм кърахьэлIэжьынущ. Гъунэ щралъа япэ махуэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкIэ, зы гектарым хуэзэу центнер 60 - 65-рэ кьытекIыну мэгугъэ. Мы илъэсым дунейм и щыIыкIэм гъавэгъэкIхэм кьахуихьа лъэпощхьэпохэми емылъытауэ, жиIэну хъарзынэу зиужьащ. Мыбдежьым къызытапхъэщ хьэсапкъэхэм щрагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр сыт и лъэныкъуэкIи иджырей мардэхэм тету кьызэрырахьэлIар: и чэзум щыгъэпшэрхэмкIэ елэжьащ, дунейр щыуэгъум псы щагъэлъэдащ. Кьапщтэмэ, Май, Прохладнэ щыналъэхэм ноби кьыщагъэсэбэп совет лъэхъэнэм щыIа псыутх прицепышхуэхэр. Мы щыналъэхэм кьищынэмыщIа, аэр зыщIыпIи щахъумакъым.

Ди республикэм и мэкъумэш IэнатIэхэм мы гъэм нартыкъ жылатхъэ хъудейуэ гектар мини 140-м щигъу Iуахьжьын хуейуэ щытщ. КIэщIкIэ абы кьыкIэлъыкIуэнущ силосыпхъэ нартыхури. СХПК-хэм иджыпсту силос мащэхэр егупуу щагъэхьэзэр, ар зыубэну тракторышхуэхэри хьэзырщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Созырыхьэ пелуаныр

ХьэтIохъущокъуэм и лIыщIэхэм ящыщ зы, мэкъушэ щыIауэ кьыздэкIуэжым, джабэ задэ гуэрым деж къыщыуВыIащ. Вым тIэкIу зригъэгъэпсэжри джабэм къыкIэрыхьащ, арщхьэкIэ, мо уэшх нэужьым цIэнтхъуэрыгъуэ хъуащ гъуэгурыр, къыдэкIыфырыкъым. ЩIалэр вым яхоуэ, зэхэзехуэн ищIауэ, джабэм кIэрекIыхь, выхэр мэцIантхъуэ...

Мэлыхъуэу губгъуэм ит Созырыхьэ абы гу къыпIытэри къыбгрэдыхьащ.

- Гъуэгуф! апщий!

- Упсэу апщий!

- Я бзэ псалъэркъым, Iэщыр щIэбукIыр сыт, щIалэ? Ви лыжькь ятелъ?

- И чэзум сынэмысыжу хъунукъым. Къысхуздэнукъым.

- Iэщри сфIэгуныхьщ, уэри усфIэнсцкIуэдщ, сумыIуэтэжынумэ, сыдэдэIепыкъунт...

Псалъэ быдэ итащ имыIуэтэжыну.

- Выр щIэтIыкI.

ЩIалэм выхэр щригъэтIыкIащ. Еэы Созырыхьэ гум зыщIищIащ, гур джабэм къыдишри къиутIыпщыжащ.

МыдэкIэ щIалэр къыздэкIуэжам агъэщIагъэри зэрагъэщIэгъэунур ящIэркъым.

Хъыбар

- Мыр дауэ! Уэлбанэ махуэм дауэ «ВыщхьэфIэч» укъыдашыф?

- Уэлей, апхуэдэ къэмыхъуа!

- Мэкъугу илъу а ятIэ бдзантхъэм къыхэкIыфа жаIэри яIуатэуи зэхэзмыха, ыхьы!

ЩIалэм зыкъомрэ зригъэымысакъым, ауэ щыхаГъэзэыхьыпэм:

- Вым къыдишакъым, лIым къыдишащ, - жиIащ.

Мэлыхъуэ щIалэм Iуэхур къызэрекIуэкIар жраГъэIэжащ. Ар зэхэзыха ХьэтIохъущокъуэр къэдгъэмыгупсысэу Созырыхьэр къригъашэри жриIащ:

- Умэлыхъуэ нэхърэ нэхъыфIщ, лей къыптезгъэхьэнкъым, си деж къанэ, - жиIэри.

ЩIалэм зыкъомрэ зытригъэхьакъым.

- СынолъэIу, си Iуэху къыз3мыхуэ. Си тхьэмыщкIапIэ сигъэсэжк.

ТэлайкIэ зэпсэлъэпIа иужькIэ, акъылэгъу хъуащ. А махуэм щыщIэдзауэ Созырыхьэ ХьэтIохъущокъуэпщым и пелуан хъуащ.

Махуэ гуэрым, ХьэтIохъущокъуэм и щымыIэгъуэу зыкъригъэхьэлIэри, Шужьеипщ къакIуэри Созырыхьэр дишащ: «Си пелуаным уемыбэну хъунукъым», - жиIэри.

Бгъэздишам, кърагъэбэнынур щрагъэлъагъум, Созырыхьэ жиIащ:

- Хъусин КIыхьыр къыскухуэбгъэлъагъуэри, Хъусин ЛъабгъуэР къыскухуэпщащ, - жери.

ИтIанэ Хъусин Лъабгъуэ зыхуигъаэзри пIэIуащ:

- Ди адэжр зэмыкIуэщми, ди анэжр зэшыпхъущ, дызымыгъэбэн.

- Уэ куэд жоIэ, - жиIэри Хъусин Лъабгъуэр Iэбащ, арщхьэкIэ зыри хуещIэркъым.

Созырыхьэ къэгубжьауэ еIэри, и дзажэналъихыр икъутащ, къиубыдыжри пхъэшыкъум щхьэдидзыхьжащ.

Ар зылъэгъуа Шужьеипщ хутыкъуауэ щыт Созырыхьэ хьэджэсэкIэ еуэри иукIащ.

ХьэтIохъущокъуэм, къэсэжу Iуэхум щыгъуазэ хъуэ иужькIэ, мыпхуэдэу жеIэ:

- Си тобэщ, сэ ди лей сымыгъэгъуну щыжысIакIэ, си псалъэм семыпцIыжын!

Абы иужькIэщ ХьэтIохъущокъуэмрэ Шужьеймрэ Тэтэртуп тхьэрыIуапIэм кIуэуэ псалъэ щызэIахар. Къагъэзэжауэ къыщыкIуэжым, ХьэтIохъущокъуэм Шужьейр гъэпцIагъэкIэ иукIащ.

КIУРАШЫН Бетlал.

Шэрэдж щIыналъэм хьихьэ Жэмтхъэлэ къуажэм щыпсэу Уэрэзей Асльижан Мухьэмэд-Джэрий и пхъум и ныбжьыр фокIадэм и 15-м илъэс 80 ирикъуащи, дохъуэхъу!

Зыхуэдгъадэ щымыIэу фIыуэ тлъагъу, псэм щыдгъафIэ ди анэ гумащIэ, анэшхуэ Iэфl! Ди ущикIуэ, чэнджэщгъэ Iушым уи уэзнщагьэрэ уи гуащIэрэ мыкIуэщIу, дорэжэгъуэ уиIэу, быным, абыхэм я щIэблэм я насыпым уи псэр игъэгуфIэрэ уи гум ехуэбылIэу, уи унагъуэ жьэгур мыужьхьыху тхуэпхъумэу, гъащIэм гу щыпхуэрэ абы и IэфIыгъэ псори зыхэпщIэу куэдрэ укъытщхьэщытыну Тхьэм долъэIу.

Уи бынхэу Иброхьим, СэIибэт, Мадинэ, Мусльимэт, Хьэлимэт, уи нысэ Неллэ, уи малъхъэхэу Алексей, Анатолий, Николай, уи къуэрылъху-пхъурылъхухэу Аксанэ, Мухьэмэд, Марьянэ, Мурат, Азэмэт, Ашэмэз, Аслъэн, Ислъам, Сулеймэн, Динэ, СулътIан.

● ЖыIэгъуэхэр

Зэманым япэ илъадэм къэкIуэнур елъахъэ

♦ЩIэуэ зэбгъэщIэнуIамэ, умыщIэ зыгуэр щыIэу зыумысыжьын хуейщ.
♦Адэ-ана я фэ быным ираплъ.
♦Быныр гъэса хъуамэ, гу лъытэгъуейкъым: зыпIар иплъыжу плъагъунущ.
♦Хабзэжьыр хабзэщIэу къожьэ.
♦ЦIыхум уэзрыдихьэхынри гущыкI зэрыхуэпщIынури зы бетэмалщ.
♦ЩIыхуэр упшныжми, Iэхутхьэбзэу къыптонэ.
♦Зэманым япэ илъадэм къэкIуэнур елъахъэ.
♦Зэманыр гъащIэм и гъуджэщ: укъимыщыжмэ - блэкIащ.
♦ГъащIэр къыбгурыIуэжамэ, пIэщIэкIуэ араща.
♦Дунейр чэзущ: хуей-хуэмейкIи зэупщIаркъым.
♦Уи фэбжь зыхэпIым езы акъылым ухуешэ.
♦Унэр нэщIу къанэмэ, дзыгъэнур щIэзагъэркъым.
♦Уигу илъ зэжумыIи узэфIщ.
♦ГъэщIэгъуэнри зыгъэщIагъуэм елъытащ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Джэш хьэнтхъупс, шатэкIэ щIа бжьыныху шыпс текIауэ

Джэш зэхэщIыпыкIар щэ-плIэ ильэс, псы щIыIэм халъхьэри, мафIэ инеи тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. Шыуаныщхьэр трамыпIэу дакъикъэ 20-25-кIэ мафIэ щабэм тету ягъавэ, тхъурымбэри къытрахыурэ. ИтIанэ а псыр ираклIутри, псывз щIакIэж, зэIащIэ, мафIэр щабэ ящIри ныкъуэвэ хъуху ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. Шыгъу хадзэри хьэзыр хъуху, сыхьэтищплIыкIэ ягъавэ.

Шыуаныр пэшхьэкум къытрахри бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгын хаудэ, и щхьэр трапIэри, дакъикъитху-ныкIэ щагъэт. Iэнэм щытрагъэувэкIэ джэш хьэнтхъупсыр фалъэм ираклIри, бжьныху шыпсыр тракIэж. ЩIакъхъуэ е чыржын дашх.

Халъхьэжэр (зы цIыху IыхьэI):
джэш плIыжьу - г 70,
япэу зэрагъавэ псыуэ - г 1000,
етIуанэу зэрагъавэ псыуэ - г 1000,
шыгъуу, джэдгыну - узыхуейм хуэдизу.

Бжьын гъэлыбжьам:
тхъууэ - г 20,
бжьын укъэбзауэ - г 20,
шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдизу.

Бжьныху шыпсым:
шатэу - г 80,
бжьныху укъэбзауэ - г 10,
шыгъуу - узыхуейм хуэдизу.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● ГушыIэ

Даутэч

Пасэ зэманыжьым Даутэчкlэ еджэу зы лIыжь цIыкIу гуэр къуажэм дэсащ. Ар чыбжэгъум кьыхэщIыкIа бгъэнышхьэ унэ лъэбышжь цIыкIум щыпсэуэрт. Нэхьыбэм абы и унагъуэм пцIащхъуэм худрапхъеин ерыскъы ильтэкъым. Абы и унагъуэр зыкъуэсыр хьэнтхъупс нэкIэпсыжэрэ къалмыкъ шей къарэрэт.

Даутэч лъагъунЛъагъу и щхьэусыгъуэу хьэщIанIэ кIуэрейт. Мыбдеж абы и IуэхуР нэхъ къыщикIырт: нэхъ ерыскъы щIэщыгъуэ гуэрхэр кърагъэшхыпти, кьаутIыпщыжьырт. Ауэ и гъаблэгуэр зэи зэрыхуимыгъэкIым иригъэсауэ, абы шхэкIэ хьэлэмэт иIэт. Псалъэм папщIэ, шатэрэ пIастэрэ къытрагъэувамэ, пIастэм нэхъ трикъуэзэрти, шатэр къыкIэригъэхурт. ИтIанэ: «Пластэр мащIэщ, шатэр куэдщ, ди шыпхъу!» - жиIэрти, унэгущэм хъыбар иригащIэрт. Абы иужькIэ шатэм нэхъ трикъуэзэрти, пIастэр и ужь кьригъанэрт. Аргуэрыжьти: «Шатэр мащIэщ, пIастэр куэдщ, ди шыпхъу!» - жиIэрти, унэгущэм егуорт. Апхуэдэхэхт: «Пластэр мащIэщ, шатэр куэдщ; шатэр мащIэщ, пIастэр куэдщ!» - жиIэрэ и ныбэр къэпкIыкъу щыст.

Зэгуэр Даутэч хьэщIапIэ щыIауэ къэкIуэжащ. Унэм зэрыщIыхьэжу абы и щхьэгъусэм хьэнтхъупс нэкIэпсыжэ къыхутригъэуващ: «Тобэ, тобэ! - жиIащ Даутэч, хьэнтхъупсыр бжэмышхIэ зэIищIэурэ. - Сыту гъэщIэгъэун мыр! Мы ди гъащIэр пкIэлъэйм хуэдэщ: зэ уеIэтри, шатэмрэ пIастэмрэ убгъэдегъэтIысхьэ, зэи укъредэдыхьжри хьэнтхъупс нэкIэпсыжэм укъыбгъэдегъэхутэж!»

Даутэч зы хьэнтхъупс бжэмышх къыхихри еIубащ. ЩеIуфыем зы хугу хьэдзэ щыкIу кьыхэзрипэщIэхуам щыгуфыкIри: «Сэламун-хьэлейкум, хугу щыкIу!» - жиIэри сэлам ирихащ. Абы иужькIэ мащIэу зыIурыбзаери:

- Уа, фызыжь, мы уи хьэнтхъупсыр сыту мышыу хуэдэ?! - жиIэри и щхьэгъусэм хущIэплъащ.

Фызыжьыр факъырагъэм зи щхьэр иригъэжагъуауэ тэмакъкIащ Iуэртри:

- Сыт мыбы мышыути шыугъэти жьхуиIэр? - жиIащ, кьеуэри лIыжьым и пыIэ кьуацэр къыщхьэриудащ.

Даутэчи, къэрабгъэ гуэрти, гужьейри, щIыбым кьыщIэлъэтащ. КъыщIэлъэтри, бжэщхьэIум деж увыжауэ щыпт: «Ярэби, мышыути шыугъэти, жызмIэу сыщIыхьэу си пIэр хьэщIэсхьыжьи?» - жиIэу.

Ауэ, пцIы сыт щхьэкIэ упсын хуей: къыщIихьжыфарэ къыщIимыхьжыфарэ сщIэркъым.

ДУДАР Хьэутий.

● Псалъэжьхэр

Бжьэ зыдэс фо дещIэ

♦Зи щIыхуэ птелъым урилуэхутхьэбзащIэщ.
♦Джэгукlэ зымыщIэр IэштIымкIэ мауэ.
♦Ажалым умылъыхъуэ, езым укъигъуэтынщ.
♦Ахъшэр пшахъуэщ, гъащIэр пцIащхъуэщ.
♦ЖьакIэр тхъуамэ, фIыцIэ хъужьыркъым.
♦Дыщэр къыщыщIахми щыпхъапIащ.
♦Бжэмыщх нэщI жьэм хуахьыркъым.
♦Бжьэ зыдэс фо дещIэ.
♦Арму и унэ лъэбышэщ.
♦Iуэху мыублэ блэ хэсщ.
♦Дыгъужьым мэл зыщIфIхьынур и пыIэ щыгумкIэ къещIэ.
♦Емызэш мэшыбэ ещIэ.
♦Бжьэ зэмыуам фом и уасэр ищIэркъым.
♦ПIхъэ зыIущым къуэщIий егъуэт.
♦ЗыщI нэхърэ еплъ нэхъ Iэзэщ.
♦Iуэхуншэ нэхърэ - Iуэху цIыкIу.
♦КъэкIуэгъуафэр кIуэжыгъуафIэщ.
♦Зи жьэ куэд жиIэм и Iэ куэд ищIэркъым.
♦Iуэхутхьэбзэр щIыхуэщ.
♦Дыжэф пцIанэ хъуркъым.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **7**. Уэрэдзыкlэ Iэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист. **8**. Зи ныбэ изым щIакъуэр ... кьыщохъу. **9**. Фызыжьым бэзэрым бжьын ... щещIэ. Е зэкIэрыпха гуэр. **10**. Адыгэм и пасэрей хъыбарыгъэщIэ. **11**. Шатэ е тхъуцIынэ гъэвэжам и дагъэ. **12**. ЩIакъхъуащхьэ тежьыкIа. **14**. Адыгэ сабийхэм папщIэ къыздэкI журнал. **16**. Вакъэдыж Iэмэпсымэ. **18**. ГъущIэкI лъапIэ. **20**. КъурIэныи и зы пычыгъуэ. **22**. ... цIыкIу бжьакъуэшхуэ. **25**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Суд нэхъыщхьэм и унафэщI. **26**. Илъэс зытIущ зи ныбжь зыщIэхъу мыгъасэ. **27**. Зи кIуэцIыр нэщI, купщIэ зэрымылъ. **30**. ЖэщкIэрэ уафэм мин жьыгъэкIэрэ къотIысхьэ. **31**. Куэсэ ... умыщI. **32**. Шыуаныншхуэ. **35**. Щоджэнцыкlу Алий и поэмэ щIэрыIуэм хэт Мадинэ фIыуэ илъэгъуа щIалэ. **36**. ФIы дыдэу хъуа хъарбызым и кум кьыдек. **37**. Гъэгушыхъум, кьазыхъым я бгъэгум кьытокIэ. **39**. Мывэ блын задэу дэкIуей бгы. **40**. Бжэгъу кIыхь, и кIапэ лъэныкъуэм фIэгъэнапIэ иIэу. **42**. ЩIыпIэ хуабхэм къраш пхъэщхьэмыщхьэ. **43**. Корее ИщхъэрэМ я президент ... Чен Ын. **44**. Iэщ цIыкIу егъэзыпIэ. **46**. «Ефэндыр Хьэмид ... кIэуфIыцI къыхуэхъуащ» - Щоджэнцыкlу Алий и рассказ «Хьэжыгъэ пут закъуэм» щыщщ. **47**. ... зиIэм кIэи иIэщ. **48**. ПхъэмкъыхъущыкIа бжэмышухуэ. **51**. ЗэбгъэунтIэIумэ, хъуаскIэ къызыхих мывэ быдэ. **53**. ЯзыныкъуэхьэрыпI лъэпхъэм я щIыкъухэм пыIэ папщIэу я щхьэм кьраш кI щэкI. **54**. Ямэ ... щIымэнакIэ.

Къехьу: **1**. БгитI зэхуаку. **2**. ЩIалэ цIыкIу зэраным лIыжь къакIуэр къызэрешхьдэнур кьыщищIэм ... зищIыжащ. **3**. Бдзэжьей лIэужьыгъуэ. **4**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. **5**. Анэкъиулъху. **6**. Адыгэ уэрэджьыакIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист. **12**. Ди къэралым и къуэкIыпIэ жьыжьэм щIыIэ къалэшхуэ, щIыналъэ щхьэхуэм и щыхьэр. **13**. ГъэмахуэмIэщым я фэр изых бадзэжь. **15**. Адыгэ къэфэкIэ. **16**. Анэр - нэм, адэр - ... хуэдэщ. **17**. ЩIалэ цIыкIу кьуейщIейм, теплъэнщэм щхьэкIэ апхуэдэу жалэ хабзэщ. **19**. Iэщ цIыкIум и щIэжьей. **21**. Лъэпщ и Iэмэпсымэ. **23**. Зи купсэр яшх уэз сыр лIэужьыгъуэ. **24**. Шэжьпс гъэфIэIуа. **28**. Джэдыкlэ ... **29**. Жыг закъуэ ... хъуркъым. **33**. ... и щIагъ нанэ щIыкъэхьм. **34**. Зэкъуэхуауэ ирахьэжьа хъыджэбзыр кьытезыхьжыну кIэлъыщIэпхъуэ гуп. **38**. Адыгэхэр Сирием а цIэмкIэ еджэу щытащ. **39**. Хадзэкl. **41**. Уафэм къех мыл тыкъыр цIыкIу. **44**. ЩкI Iуэпхъашэ. **45**. «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр» роман гъуэзэджэр зи IэдакъэщIэкI ткакIуэ. **47**. Пщы унагъуэм я IуэхутхьэбзащIэ, унэIут. **49**. Лы лей зытелъ цIыкIу. **50**. Псэхэлъхьэж. **52**. ЩIы къиуда.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

ФокIадэм и 8-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **3**. Къанкъуэщ. **6**. Къардэн. **9**. Гугъэ. **10**. Тхьэрыкъуэ. **13**. Бжьэф. **14**. Куржы. **15**. Ду. **17**. Егъу. **18**. Шыгъу. **20**. Быж. **22**. Гъубж. **23**. Дэбэч. **24**. Хьэрэм. **25**. Дыху. **26**. Гущэ. **29**. Баш. **31**. Хур. **32**. Ер. **34**. Хьэжьэ. **36**. Абгъуэ. **38**. Хьэнтхъупс. **41**. Афэ. **42**. БгъуэщIэс. **43**. Хьэтуей.

Къехьу: **1**. Сэлэт. **2**. Вабдзэ. **3**. Къэдабэ. **4**.Ныбгъуэ. **5**. Бгъэр. **7**. Дудар. **8**. Нартыху. **11**. ХьэукI. **12**. Къулей. **16**. Шыбзыхъэ. **18**. Шыдыгу. **19**. Гъуабжэ. **20**. Бырыб. **21**. Жэмыш. **27**. Хъурмэ. **28**. Церп. **30**. Щхъыерыб. **33**. ХьэпцIий. **35**. ЖьантIэ. **37**. Бжэгъуу. **38**. Хьэсэгъу. **39**. Тафэ. **40**. Сэбэп.

● Фэ фщIэрэ?

Ди тхыдэм дроплъэж

Зихxэр адыгэ лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Ахэр ди эрэм и пэкIэ I лIэщIыгъуэмрэ ди эрэм и V лIэщIыгъуэмрэ Кавказ ИщхьэрэКъуэхьпIэ лъэныкъуэм щыпсэуащ. Аущ ягъэлыкъуэ еджагъэшхуэхэм зэратхъыжыкIэ, VI лIэщIыгъуэм псэуа зихxэм тенджеиз ФIыцIэм и Iуфэ щIыналъэшхуи щаIыгъащ.

* * *

Зихxэм хуэдэ къабзэу, VIII лIэщIыгъуэм Кавказым и картэм къохутэ адыгэхэр къызытепщIыкIыжа нэгъуэщI зы лъэпкъым и цIэри - ар кIэсэгъуэрщ. Х лIэщIыгъуэм ирихьэлIэу абыхэм щIыналъэшхуэ яIыгъащ - КъуэхьпIэ Кавказыр, Псыжь (Кубань) Iуфэ, тенджеиз ФIыцIэм и Iуфэшхуэ. Ахэрщ къызыхэкIар адыгэ (кIэсэгъу) дзэзешэ ин, пелуан Ридадэ, 1022 гъэм тмутэракъанепщ Мстислав гъэпцIагъэкIэ къиукIар.

* * *

Адыгэ (шэрджэс) мамлюккэм Мысырым и пащтыхьыгъуэр илъэси 135-кIэ яIыгъащ, 1382 гъэм къыщыщIэдзауэ 1517 гъэм нэсыху. Я1эу а пащтыхьыгъуэр иубыдат Бэркъуекъу Анчокъу. Абы а къулыкъур тIэу Iэрыхьащ икIи псори зэхэту илъэс 16-кIэ иIыгъащ. Абы и зэманым шэрджэс мамлюккэм я Iэмыщ1э къихуащ Бейбэрсрэ Къэлэуэгъ зэрагъэпэщащэу щыта къэрал абрагъуэр.

* * *

1501 гъэм Мысырым и сулътIан хъуар Биберд и куэд Къанщауэ Гъурц. Ар а къулыкъум илъэс 16-кIэ пэрытащ икIи куэдрэ еныкъуэкъуащ Тыркуми, Иранми, Португалиеми икIи хьэрып къэралхэр зэригъэбыдэным иужь итащ. И дзэр нэхъ лъэщ ищIын папщIэ, гъэр мин 13 къищэхуат, абыхэм я нэхъыбэр езыр зыщыщ Шэрджэс (Адыгэ) щыналъэм ириштат. Илъэс 75-рэ ныбжьым иту дунейм ехьжащ.

* * *

1468 гъэм сулътIан тахъэр еубыд Мысыр къэралыр илъэс 28-кIэ зезыхьа Iэшрэф Сэфудин Кьеит-бей. Абы и анэдэлъхубзэр ищIэжырт икIи щалъхуа адэжь хэкур сыт щыгъуи игу илът. Ар къэралым хуабжьу хуэлэжьащ. Абы еджапIэ, гъэзу, лъэмыж, быдапIэ куэд иригъэуухуащ. Кьеит-бей хуабжьу Iущт. Абы кьыгурыIуат Тыркум афIэкIа упощIэт зэрымыхъужьынур. А псоми къыхэкIыу Тарс, Аданэ къалэхэр иритыжащ. 1498 гъэм дунейм ехьжащ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаесэЗаурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхуцIапIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; суръэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалIэта Iуэхутыгъуэхэм я пэжагъымкIэ аэрэ зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр эзтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаугъуэм и 14-м Печатным и хутныныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **ЩоджэнЗаирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ЩоджэнИннэ** *(1, 2-нэ нап.).* **Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *суръэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «АдыгэпсалъэмкIи компьютер Iэнатlэм щагъэхъеныращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.507 ● Заказ №1161